ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# Адыгэ Псалъэ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№84 (24.834) • 2025 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 12, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

# Гъэм и сыт хуэдэ лъэхъэнэми...

**УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Новак Александррэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ лэжьыгъэ IуэхукIэ Москва щызэхуэзащ**.

АХЭР тепсэлъыхьащ щIыналъэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм, республикэм инвестицэ проектышхуэхэр зэрыщагъэзащIэм епха Iуэхухэм. Гулъытэ щхьэхуэ хуащIащ гъэм и сыт хуэдэ зэманми лажьэу щытыну «Iуащхьэмахуэ» турист-рекреацэ комплексым хуэгъэза проектымрэ туризм IэнатIэм республикэм нэхъри зыщегъэужьынымрэ пыщIа къалэнхэм.

Республикэм и Iэтащхьэм вице-премьерыр щыгъуазэ ищIащ республикэм илъэс кIуам игъуэта зыужьыныгъэр зыхуэдэм. Къапщтэмэ, промышленностым къыщIигъэкIым щIышылэм - накъыгъэм процент 11,3-кIэ хэхъуащ, абыкIи щIыналъэм КИФЩI-м япэ увыпIэр, къэралым етхуанэр щиубыдащ. ЗэхъуэкIыныгъэфIхэр щыщыIэщ социальнэ IэнатIэми. Республикэм щыпсэухэм я хэхъуэр 2025 гъэм и япэ мазищым процент 13,9-кIэ нэхъыбэ хъуащ, абыкIи Кавказ Ищхъэрэм япэ, къэралым етIуанэ увыпIэхэр щиIыгъыу. Дызэрыт илъэсми пащэнущ бюджетым къыхэкIыу лэжьапщIэ зратхэм я улахуэм процентипщIкIэ хэгъэхъуэным хуэунэтIауэ ирагъэкIуэкI Iуэхум.

ЗэIущIэм и гугъу щащIащ мыхьэнэ хэха зиIэ инвестицэ проектхэр гъэзэщIа зэрыхъуми - гъэм и сыт хуэдэ лъэхъэнэми лажьэ зыгъэпсэхупIэ Iуащхьэмахуэ лъапэ къыщызэгъэпэщыным, ИТ-парк щIыным, Тырныауз бгы комбинатыр лажьэу егъэжьэжыным, Налшык къалэм псэупIэ хьэблэщIэхэр, Шэджэм хуабэщ комплексыр, Бахъсэн Ипщэм ГЭС щыухуэным, апхуэдэуи промышленность псынщIэм, нэгъуэщI IэнатIэхэми зегъэужьыным.

Республикэм и дежкIэ нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэ проектхэр гъэзэщIэнымкIэ илъэсым и етIуанэ мазищым кърикъуар къыпэщыта къалэнхэм 2025 гъэм и бадзэуэгъуэм ирихьэлIэу щIрагъэгъуащ. ЛэжьапIэ IэнатIэщIэу 1120-рэ къызэIуахащ (я мурадам нэхърэ процентит 7-кIэ нэхъыбэ), бюджетым щымыщ инвестицэхэр сом мелард 36,2-рэ хъуащ, зыщыгугъам процент 15-кIэ щIигъуу.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мылъку нэхъыщхьэм 2025 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм инвестицэу къыхалъхьам, илъэс кIуам и апхуэдэ пIалъэм ирихьэлIэу яхузэфIэкIауэ щытам елъытауэ, процент 18,8-кIэ хэхъуащ, ар Урысейм ику иту щыIэ бжыгъэм нэхърэ нэхъыбэщ. Абы и лъэныкъуэкIэ республикэм Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэм ещанэ увыпIэр щиубыдащ.

Апхуэдэуи хохъуэ ухуэныгъэ, мэкъумэш, сату IэнатIэхэм лэжьыгъэу щызэфIагъэкIми. УнэтIыныгъэ нэхъыщхьэу къонэж туризм IэнатIэр. ЩIышылэ – мэкъуауэгъуэ мазэхэм республикэм туристу къакIуэм я бжыгъэр процент 14,5-кIэ нэхъыбэ хъуащ икIи зыплъыхьакIуэ а зэманым ди деж щыIащ цIыху мин 910-рэ. Абыхэм ящыщ мелуан ныкъуэм щIигъум Iуащхьэмахуэ лъапэ зыщагъэпсэхуащ. Абдеж къыщызэгъэпэщащ иджырей зэманым екIу инфраструктурэ, гъуэгуфIхэр, хьэщIэщ екIухэр щыIэщ икIи ахэр нэхъри егъэфIэкIуэным хуэунэтIа лэжьыгъэхэм пащэ. А зыгъэпсэхупIэм илъэсым кърикъуэ махуэ 224-кIэ лыжэкIэ бгым укъышежэх мэхъу. Мы зэманым Iуащхьэмахуэ лъапэ щолажьэ эко-лъагъуэхэр, абыхэм яфIэфIу зыщаплъыхь щIалэгъуалэмрэ я унагъуэхэр я гъусэу зызыгъэпсэху туристхэмрэ.

КIуэкIуэ Казбек Новак Александр фIыщIэ хуищIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и нэIэ къызэрытригъэтым, щIыналъэм и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ проектхэр пхыгъэкIынымкIэ сэбэп къызэрыхуэхъум папщIэ.





# УнэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэр ягъэбелджылы

**КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий иригъэкIуэкIа зэIущIэм щытепсэлъыхьащ республикэм и Iуэхухэр къэзыгъэлъагъуэ унэтIыныгъэ зыбжанэм**.

Ахэр теухуат щIыналъэм туризмым ехьэлIауэ щыIэ къэрал кIэлъыплъыныгъэм; къат куэду зэтет унэхэм щыпсэухэм зэдай мылъкур зыхуей хуэгъэзэным 2026-2028 гъэхэм халъхьэну ахъшэр зыхуэдизынум, КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм и гъэпсыкIэр зыхуэдэнум, Правительствэм и унафэ щхьэхуэхэм халъхьэну зэхъуэкIыныгъэхэм, нэгъуэщIхэми.

КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр Сыжажэ Хьэсэн тепсэлъыхьащ республикэм и щIыналъэхэм щIы Iуэхум щыкIэлъыплъынымкIэ штаб къызэгъэпэщыным.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэм зыщегъэужьын» къэрал программэм халъхьэну зэхъуэкIыныгъэхэм къытеувыIащ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Езауэ Анзор. Министрым и гугъу ищIащ 2025 гъэмрэ къэблэгъэну 2026-2027 гъэхэм егъэджэныгъэр къызэгъэпэщыным трагъэкIуэдэну мылъкум.

КъБР-м и щэнхабзэ щIэинхэр хъумэнымкIэ къэрал управленэм и унафэщI Гонтарь Олег тепсэлъыхьащ республикэм и щэнхабзэ щIэинхэр зехьэным, зыхуей хуэгъэзэным, къэгъэсэбэпыным, зегъэужьыным теухуауэ щыIэ къэрал щIыналъэ кIэлъыплъыныгъэм и мардэм зэхъуэкIыныгъэу хилъхьэм теухуауэ КъБР-м и Правительствэм и проектым.

**ГЪУЭТ Синэ**.

# Пэрытхэм дыхалъытэ

**Ди гуапэ зэрыхъущи, мэкъумэш ерыскъыпхъэ къэлэжьынымкIэ унэтIыныгъэ зыбжанэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыпэрытхэм ящыщщ. Абы теухуа хъыбар жиIащ КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министрым и къуэдзэ Уэдыхь Тимур, щIыналъэм унафэр щызегъэкIуэнымкIэ IэнатIэм (ЦУР) къыщызэрагъэпэща эфир «занщIэм» къыщыщыпсалъэм**.

УЭДЫХЬЫМ зэрыжиIамкIэ, щIыналъэм щагъэкI пхъэщхьэмыщхьэхэм, хадэхэкIхэм къыхащIыкI фIэIугъэхэм я бжыгъэм илъэс къэс хэхъуэ зэпытщ. Къэбгъэлъагъуэмэ, илъэс блэкIам къриубыдэу апхуэдэ фIэIугъэхэр зэрылъ банкI мелуан 353-рэ щагъэхьэзыращ ди республикэм. Ар процент 12-кIэ нэхъыбэщ, абы ипэ ита илъэсым еплъытмэ.

Ди республикэр Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэм апхуэдэу щыпашэщ нартыху гъэкIынымкIи, а гъавэр къехьэлIэжынымкIи. Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэр къапщтэмэ, абы нартыхуу къыщрахьэлIэжым и процент 40-м нэсыр Къэбэрдей-Балъкъэрырщ щагъэкIыр. АбыкIэ ди щIыналъэм япэ увыпIэр иIыгъщ: гектарым хуэзэу нартыхуу центнер 66,5-рэ къытрах. Урысейпсо мардэхэм еплъытмэ, ар процент 28-кIэ нэхъыбэщ.

Илъэс блэкIам къриубыдэу ди республикэр къэралым хыхьэ щIыналъэхэм аргуэру пэрыт щыхъуащ пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ хадэхэкIхэмрэ къахэщIыкIа фIэIугъэхэр гъэхьэзырынымкIэ. Ди деж щылажьэ мэкъумэш хозяйствэ зэмылIэужьыгъуэ псоми зэхэту къыщрахьэлIэжащ тонн мелуаным щIигъу хадэхэкIрэ пхъэщхьэмыщхьэрэ. Ар къэралым къыщагъэкIа апхуэдэ ерыскъыпхъэ лIэужьыгъуэхэм я Iыхьэ плIанэ мэхъу. Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэр къапщтэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым а унэтIыныгъэмкIэ къыщалэжьыр мэхъу процент 63-м щIигъу. Ар узыщыгуфIыкI хъуну ехъулIэныгъэщ.

**ТАМБИЙ Линэ**.



Хъыбар гуапэ

# Къумыкъу МуIэед и дамыгъэ лъапIэр



**Къэбэрдей-Балъкъэрым ветеринар медицинэмкIэ и центрым и къудамэу Прохладнэ щIыналъэм щыIэм и унафэщI Къумыкъу МуIэед хьэлэлу илъэс куэд хъуауэ зэрылажьэмрэ и IэнатIэм щиIэ ехъулIэныгъэхэмрэ папщIэ УФ-м и Президентым и УнафэкIэ къыхуагъэфэщащ «Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и ветеринар дохутыр» цIэ лъапIэр.**

КЪУМЫКЪУ МуIэед Прохладнэ щIыналъэм хыхьэ Къэрэгъэш къуажэм къыщалъхуащ, Прохладнэ къалэм и мэкъумэш техникумымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш академиемрэ я «Ветеринария» факультетхэр къиухащ, 1981 гъэм ветеринар фельдшеру лэжьэн щыщIидзауэ щытащ Чапаевым и цIэр зезыхьэ колхозым.

1992 гъэм Къэрэгъэш дэт ветлечебницэм и унафэщIу ягъэуващ МуIэед, иужькIэ, 2008 гъэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым ветеринар медицинэмкIэ и центрым и къудамэу Прохладнэ щIыналъэм щыIэм и тхьэмадэ хъуащ икIи нобэр къыздэсым а къулыкъур ирехьэкI, щытхъурэ фIыщIэрэ иIэу.

Къумыкъу МуIэед къыхуагъэфэщащ республикэм и Правительствэм, министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я щIыхь тхылъхэр, дамыгъэхэр.

## Мы махуэхэм

**Бадзэуэгъуэм и 12,** *щэбэт*

♦**Граждан авиацэм и бортзехьэм и дунейпсо махуэщ**

♦**Урысейм щагъэлъапIэ сурэтехым и махуэр**

♦**1927 гъэм** къалъхуащ скульптор Iэзэ, УФ-м, КъБР-м щIыхь зиIэ я сурэтыщI **ТхьэкIумашэ Михаил**.

♦**1947 гъэм** къалъхуащ социологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, АКъУ-м и профессор, Адыгэ Республикэм и Iэтащхьэу илъэс куэдкIэ лэжьа **ТхьэкIушынэ Аслъэнджэрий**.

♦**1958 гъэм** къалъхуащ КъШР-м и цIыхубэ усакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Пщыгъусэ Аслъэнбэч**.

♦**1958 гъэм** къалъхуащ дзюдомкIэ дунейм и чемпион **Лъэцэр Хьэзрэт**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 35 - 36-рэ, жэщым градус 24-рэ щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 4-кIэ зихъуэжынущ.

**Бадзэуэгъуэм и 13,** *тхьэмахуэ*

♦**Акъылым зезыгъэужь джэгукIэхэм я дунейпсо махуэщ**

♦**1937 гъэм** къалъхуащ адыгэ усакIуэ, тхакIуэ, журналист, «Адыгэ псалъэ» газетым жэуап зыхь и секретарым и къуэдзэу илъэс куэдкIэ лэжьа **Брай Адэлбий**.

♦**1972 гъэм** къалъхуащ сурэтыщI-график, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ художник **Пащт-Хъан Алим**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 35 - 36-рэ, жэщым градус 24-рэ щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 4-кIэ зихъуэжынущ.

**Бадзэуэгъуэм и 14,** *блыщхьэ*

♦**1945 гъэм** Париж къалэм ТекIуэныгъэм и парад щекIуэкIащ. Япэ иту уэрамым ирикIуащ Франджым и лIыхъужь адыгэ бзылъхугъэ **Хьэгъундокъуэ Елмэсхъан**.

♦**1957 гъэм** НалшыкщекIуэкIащ СССР-м ис лъэпкъ псоми я тхакIуэхэм я лIыкIуэхэр зыхэта пшыхь гъэщIэгъуэн.

♦**1965 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым уэрэдымрэ къафэмкIэ и «Кабардинка» къэрал ансамблыр къафэмкIэ «Кабардинка» ансамблу зэрахъуэкIащ.

♦**1904 гъэм** къалъхуащ адыгей тхакIуэ **Щоджэн Iэюб**.

♦**1936 гъэм** къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ цIэрыIуэу щыта, КъБАССР-м и Министрхэм я Советым и унафэщIу 1988 - 1991 гъэхэм лэжьа **Мамхэгъ Михаил**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 36 - 37-рэ, жэщым градус 25-рэ щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Уэздыгъэр лъагэху, нэхур нэхъ жыжьэ едз**




Абы дегъэпIейтей

# Укунэфщ, уи бзэр умыщIэжмэ

**«Лъэпкъым и хъуахуэр анэдэлъхубзэщ», - жиIэрт си анэшхуэм. Абы и нысэгъу нэхъыщIэр школым урысыбзэкIэ иригъаджэу щыла-жьэрт. «Уа, КIурал, щхьэ адыгэбзэкIэ умыгъаджэрэ, ди бзэм и къулеягъыр пхуэмыгъэшэрыуэу ара?**

А УПЩIЭР зрита бзылъхугъэм и жэуапыр мырат: «Умыгъэтlылъ къэпщтэжыркъым, сэ адыгэбзэкIи урысыбзэкIи ядызогъэкIуэкI дерсхэр езгъаджэ цIыкIухэм, нэгъуэщIыбзэри пщIэну сэбэпщ».

«Ари пэжщ, КIурал, ауэ, мыдэ къаплъи-къэдакIуэ, къэхъунущ зэман я бзэр яхуэмыгъэшэрыуэжу хамэбзэм дихьэха щIэблэ щыдиIэн, адыгэу забжыжу, ауэ щыхъукIэ иримыпсэлъэжыфу, къагурыIуэми ирипсэлъэну хуэмейуэ. Мис абдежращ ди нэхъыжьыфIхэм лIэщIыгъуэ Iэджэм къыкIуэцIраха ди бзэри, хабзэри, нэмысри щыкIуэдыжынкIэ хъунур. Бзэ уимыIэжмэ улъэпкъкъым, ухэкIуэдэжащ. Бынхэр зыхуэдэнур дэ зэхедгъэхымрэ едгъэлъагъумрэ елъытащ. Абыхэм анэдэлъхубзэм хуащI гулъытэрщ лъабжьэ хуэхъур лъэпкъым и гъащIэр зыхуэдэнур: кIыхь ящIыну, хьэмэрэ зы ухыгъэ гуэрым ирашэлIэну.

Си анэшхуэм жиIауэ щыта псалъэ гъуэзэджэхэм нобэ дыхуэмыкIуэу пIэрэ?

ЩIэныгъэлIхэм къахутащ: цIыхум сыт хуэдиз хамэбзэ ищIэми, фIы дыдэу ирипсалъэми, щыгупсысэкIэ жиIэнур зэрызригъэпэщыр езым къыдалъхуа и анэдэлъхубзэрщ (ар ищIэмэ, дауи).

Къэжэр Хьэмид прозэу тха и усэ «Жыгыр щIым зэрыхэтыр...» жыхуиIэм къыщихьа мы псалъэхэри гъэщIэгъуэнщ: «ПщIэ зыхуэзымыщIыж цIыхур кунэфщ. Уэ езым пщIэ зыхуэпщIыжмэ, нэгъуэщIым я щIэныгъэм уIэбэфмэ, а нэгъуэщIым ейр ууейми хэбгъэхъуэфмэ - афэрым! Армыракъэ, хамэбзэу щыIэ псомкIи щIэбгъэлъэлъу упсалъэми - укунэфщ, уи бзэр умыщIэжмэ».

Анэдэлъхубзэр зымыщIэхэм яхэтщ псэлъэну ехъуапсэ, ауэ балигъыпIэм иуварэ адыгэбзэр зыхуэмыгъэшэрыуэ. Апхуэдэхэр пфIэгуэныхь мэхъу щхьэусыгъуэ гуэркIэ и зэманым ямыщIа анэдэлъхубзэр иджы къазэрыхуэмыщтэжым къыхэкIыу.

Адыгэбзэм урипсэлъэныр Iуэхум и ныкъуэщ, адрейр абы уригупсысэнырщ. Угупсысэн щхьэкIэ, ар махуэ къэс унагъуэм щызэхэпхауэ, адэ-анэм е адэшхуэ-анэшхуэм адыгэбзэм и хуабагъ, IэфIагъ зыхыуагъэщIауэ щытыпхъэщ. Ядэ-ямыдэми, адыгэбзэкIэ мыпсэлъэф сабийр балигъыпIэ иувауэ унагъуэ хъужа нэужь, езым зэримыщIэм къыхэкIкIэ, и бынми иригъэщIэфыркъым ар.

Адэ-анэ щIалэхэм инджылызыбзэм, нэгъуэщI хамэ къэралыбзэхэм ирипсалъэхэр мымащIэу яхэтщ, ахэр ямыщIэныр Iэмал зимыIэу къалъытэри. Пэжщ, нэгъуэщIыбзэри пщIэн хуейщ, ауэ, зым IэфIыкIэ ирату мыдрейр ехъуапсэу къэна сабийм хуэдэу, уи анэм къыбдилъхуа бзэр дауэ къызэрыбгъэнэнур?!

«Пхуигъэзагъэмэ, адыгэбзэм ибгъэзагъэ мыхъун гупсысэ щыIэу ди фIэщ хъуркъым. Адыгэ псалъэхэр апхуэдизкIэ купщIафIэщ, IэтIэлъатIэщ, къыщIэгъэлъарэ итхъунщIыхьыжу гупсысэр къэзыщтэщи, кIуэаракъэ, адыгэбзэм къызэщIикъуа псор нэгъуэщIыбзэкIэ къахуэмыIэтыну къыщыпщыхьуи щыIэщ», - жиIэрт усакIуэ, тхакIуэ, драматург гъуэзэджэ IутIыж Борис.

Зи бзэкIэ мыпсэлъэфым, зи анэдэлъхубзэкIэ мыгупсысэфым и Iуэхур ещхьщ фэкIэ дахэ пхъэщхьэмыщхьэ гуэр, пщхын мурадыр уиIэу, къапщтэрэ кунэфу къыщыщIэкIым деж уиIэ хъу щытыкIэм. Ар хуэбгъадэ хъунущ цIыхум пэжыгъэкIэ убгъэдэту, къуэшыгъэкIэ ущыгугъыу укъыщигъапцIэм деж уи жагъуэ зэрыхъум, ар мыхьэнэншэу къызэрыщIэкIам уи лъэр зэрыщIигъэхум.

Уи анэдэлъхубзэр пщIэныр зэрынасыпышхуэр къыщыбгурыIуэр а анэдэлъхубзэр зымыщIэм зеплъыта нэужьщ. IутIыжым къызэрилъытэу щытамкIи, апхуэдэхэм гъащIэм зы абрагъуэ гуэр ящыфIокIуэд, а яфIэкIуэдым и инагъри нэхъыбэм къагурымыIуэжу. IутIыж Борис и гупсысэ пэжхэу, гъащIэм анэдэлъхубзэм щиIэ увыпIэм ятеухуахэр, къызэрытлъытэмкIэ, куэдым дежкIэ щапхъэщ. Мыри абыхэм ящыщщ: «Анэдэлъхубзэм и IункIыбзэр зыIыгъыр псом япэу ар сабийм езытыфынури ар къыщалъхуа икIи зрапIыкI унагъуэрщ, и адэ-анэрщ. Ауэ щыхъукIи, ахэри зэгуэр щIыщIегъуэжын, дэри ди быныхэм дыщIагъэкъуэншэжын дывмыгъэлэжь, иужькIэ, гугъу дыдэ ехьурэ, къалъыхъуэжынкIэ хъунум хэдгъэну».

**КЪАНКЪУЛ Раисэ.**

# Дыкъезыгъэлыну Iэмалхэмрэ хэкIыпIэхэмрэ

**Ди республикэм и къалащхьэ Налшык дэт «Принт-Центр» тедзапIэм иджыблагъэ къыщыдэкIащ тхылъ купщIафIэ. «Адыгэбзэмрэ (къэбэрдей-шэрджэсыбзэмрэ) къэрэшей-балъкъэрыбзэмрэ я иджырей щытыкIэр» фIэщыгъэр зиIэ лэжьыгъэр дунейм къытехьащ Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и ЩIэныгъэ советым щыIа унафэм тету.**




ЗИ бжыгъэкIэ экземпляр 500 хъууэ къыдэкIа тхылъым и щIэныгъэ редакторхэщ филологие щIэныгъэхэмкIэ докторхэу БищIо Борисрэ Мусуков Борисрэ. КъыдэкIыгъуэм итщ Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым адыгэбзэмрэ (къэбэрдей-шэрджэсыбзэмрэ) къэрэшей-балъкъэрыбзэмрэ елэжьу иIэ къудамэхэм я щIэныгъэ статьяхэр. Тхылъым ихуа лэжьыгъэхэр зытеухуа и лъэныкъуэкIэ зэмылIэужьыгъуэщ, ауэ ахэр псори зэрешалIэ я мурад нэхъыщхьэм. Ар ехьэлIащ адыгэ, къэрэшей-балъкъэр бзэщIэныгъэхэм къапэщыт къалэнхэу мыхьэнэшхуэ зиIэхэр зэфIэхыным, а анэдэлъхубзэхэр мы зэманым зэрыт щытыкIэр гъэбелджылыным.

Тхылъым ит статья зыбжанэр тегъэпсыхьащ ди нобэм цIыху куэд зытегузэвыхь Iуэхугъуэм - зи гугъу тщIыр иджырей лъэхъэнэм, къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм яку дэлъ экономикэ, политикэ, щэнхабзэ зэпыщIэныгъэхэр нэхъ лъэщу икIи щIэгъэхуэбжьауэ щекIуэкIым, лъэпкъыбзэхэр зэрыхэтымрэ адэкIэ абыхэм я щхьэ къырикIуэнумрэ. Иджырей щытыкIэ къызэрымыкIуэм, шынагъуэм тепсэлъыхь къудей мыхъуу, ди бзэхэм къащыщIынкIэ хъунум - ахэр дунейм текIуэдыкIыжыным - къызэребгъэлыфын Iэмалхэмрэ хэкIыпIэхэмрэ къалъыхъуэ авторхэм, апхуэдэ зэзыгъэхъулIэфа лъэпкъыу дуней псом щыIэхэм я щапхъэхэр гъуазэ ящIурэ.

НэгъуэщI статья гупыр тещIыхьащ адыгэбзэм и псэлъэкIэ мардэхэм, щIыпIэбзэхэм я нобэрей щытыкIэр 2022 - 2025 гъэхэм къыщапщытам кърикIуахэм, ахэр литературэбзэм пэгъунэгъу зэрыхъуам и мардэр къагъэлъагъуэу. Бзэхэр зэрызэхэт псалъэхэмрэ псалъафэхэмрэ ехьэлIа гупсысэ хьэлэмэтхэр, Iуэху еплъыкIэ купщIафIэхэр къыщыIэтащ а лэжьыгъэхэм. Апхуэдэхэщ, къэбгъэлъагъуэмэ, езыгъапщэ (компаратив) фразеологизм лIэужьыгъуэ нэхъыщхьэхэу адыгэбзэм хэтхэмрэ къэрэшей-балъкъэрыбзэм и Iуэхугъуэ цIэхэм я къалэнхэмрэ я мыхьэнэхэмрэ; адыгэбзэм и антонимхэмрэ балъкъэрыбзэм IэпкълъэпкъыцIэу иIэхэмрэ псалъалъэ зэрахуэзэхэплъхьэфынум, къэрэшей-балъкъэрыбзэ щIэзыгъэбыдэ конструкцэхэм я теплъэмрэ я мыхьэнэмрэ епхахэр.

Тхылъыр псом япэу зыхуэгъэзар адыгэ, къэрэшей-балъкъэр филологиехэмкIэ IэщIагъэлIхэрщ, а бзэхэм хуеджэ студентхэрщ. КъинэмыщIауэ, ди анэдэлъхубзэхэм я къэкIуэнум иригузавэ куэдым, шэч хэмылъу, яфIэгъэщIэгъуэн хъунущ а Iуэхугъуэхэм теухуауэ тхылъым ит тхыгъэхэр.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**



● ТекІуэныгъэ - 80

# Зэкъуэтрэ зэдэІэпыкъуу

**Ди къэралым къикІуа тхыдэ гъуэгуанэм щыщу нэхъ хьэлъэ дыдэхэм хабжэ Хэку зэуэшхуэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхухэми къаруушхуэ халъхьащ дуней псом мыхьэнэ ин дыдэ щызиІа ТекІуэныгъэр къэхьыным. Налшыкдэсхэми абы хуагъэша лІыгъэр мащІэкъым.**

ЗАУЭР къызэрыхъейуэ, къалэм дэт ІуэхущІапІэ псоми абы хуэлажьэу щІадзащ. А Іуэхум лъабжьэ хуэхъуат «Псори фронтым папщІэ, псори ТекІуэныгъэм папщІэ» къыхуеджэныгъэр. Псоми фІыуэ къагурыІуэрт къэралым къыщхьэщыхьа «пшэ фІыцІэр» узэкъуэмыту зэрызэбгрумыхуфынур.

А зэманым налшыкдэсхэр псэемыблэжу ІэнатІэ зэрыІутар къэзэыгъэлъагъуэ щапхъэхэр куэдщ. Къалэм дэта гидротурбиннэ заводым и лэжьэкІэр тхыдэм къыхэнащ. Заводым Іута цІыхухъухэр зауэм дэкІа нэужь, абыхэм я пІэ иуващ я щхьэгъусэхэр, ныбжьыщІэхэр, лъэкІыныгъэ гуэр зыбгъэдэлъыж нэхъыжьыфІхэр. Зэман кІэщІым къриубыдэу лэжьыгъэр щІэрыщІэу зэтраухуэри, фронтыр нэхъ зыхуэныкъуэ лагъымхэр, топышэхэр, нэгъуэщІ зауэ хуэІухуэщІэхэр къыщыщІагъэкІыу хуежьащ. Абы нэмыщІ, зэрызауэ техникэри щызэрагъэпэщыжырт. Апхуэдэ къару цІыхухэм къахэзылъхьэр я Хэкум, щІыналъэм хуаІэ лъагъуныгъэ лъэщырт.

Гидротурбиннэ заводым зыкъыкІэрагъэхуртэкъым ІэфІыкІэ къыщыщІагъэкІ фабрикэм, лы комбинатым, «Чинар» заводым и лэжьакІуэхэми. КъинэмыщІауэ, фэ, упщІэ вакъэхэр, джэдыгу кІэщІ, кІагуэ, щІакІуэ, щхьэрхъуэн, щІагъщІэлъ хуабэ, бгым узэрыдэкІ хъуну Іэмэпсымэхэр къыщІэзыгъэкІ цех щхьэхуэхэри Налшык куэдыкІейуэ къыщызэІуахауэ щылажьэрт а илъэсхэм.

Щэнхабзэм, гъуазджэм я лэжьакІуэхэми яхузэфІэкІ хуащІэрт фронтым. Абыхэм я ІэдэкъэщІэкІ уэрэдхэм, усэхэм, зауэлІхэм я пащхьэм щат концертхэм мыхьэнэшхуэ яІэт зауэлІхэр гъэгушхуэнымкІэ. Ди адыгэ драмэ театрым щагъэувырт лІыгъэм, хэку лъагъуныгъэм укъыхуезыджэ пьесэхэр икІи ахэр республикэм и щІыпІэхэм щагъэлъагъуэрт.

Ди лъэпкъ усакІуэ, тхакІуэ куэд фронтым кІуэри фашистхэм еззэуащ. ЗэрытщІэщи, абыхэм ящыщщ ЩоджэнцІыкІу Алий, КІыщокъуэ Алим, Киреев Михаил, Кулиев Къайсын, Шортэн Аскэрбий, КІуащ БетІал, Отаров Керим, ЩоджэнцІыкІу Іэдэм сымэ, нэгъуэщІхэри. А лъэхъэнэм ди республикэм щыІащ зауэ ІэщІагъэм щыхурагъаджэ школхэр. Псом хуэмыдэу щІалэгъуалэр, комсомолым хэтхэр хущІэкъурт фронтым кІуэнуи, дзэм сэбэп къащыхуэхъуну ІэщІагъэхэм хуеджэрт. Налшык, Прохладнэ къалэхэм дэт аэроклубхэм я закъуэ кхъухьлъатэзехуэу, парашютисту ягъэхьэзыращ цІыху 700-м нэс.

1942 гъэм и шыщхьэуІум бийр Налшык къалэ къебгъэрыкІуэу хуежьащ. ЦІыху минипщІ хэтащ къалэм и хъуреягъкІэ къуэтІыхь къыщызытІахэм. Къалэдэс 3500-м километр 15 зи кІыхьагъ щІы кусэр датІыкІат, къалэкуми дзотхэр къыщызэрагъэпэщат, арщхьэкІэ ахэр къазэрыхуэщхьэпаи щымыІэу, Налшык бийм иубыдащ.

ЯпэщІыкІэ Гитлер и мурадат Кавказым щыпсэу лъэпкъхэр дахэкІэ къигъэдаІуэу, езым и телъхьэ ищІыну. АрщхьэкІэ ди щІыналъэм щыпсэухэр зылІ и быну зэкъуэувэри, щысхьырабгъу лъэпкъ хуамыІэу бий бзаджэм пэщІэуващ.

Фашистхэм ялъэкІ къагъэнакъым: къалащхьэм нэмыцэ кхъухьлъатэу 70-м лагъымхэр къытракІутэрт, абы и уэрамхэм танкхэр, сэлэтхэр дэз къэхъуат. Унэхэр зэтракъутэрт, цІыхухэр зэтраукІэрт, цІыкІу-ин, цІыхубзцІыхухъу жамыІэу. Псом хуэмыдэу лей къатехьащ зауэм дэкІыну хунэмыса комсомолхэу партизанхэм ядэІэпыкъухэм, зауэм щыІэ офицерхэм, коммунистхэм я щхьэгъусэхэм, я бынхэм. А зэманым цІыху куэд Германием лъэщыгъэкІэ яхуащ, абы щыкІуэдари мащІэкъым.

Налшык яубыдами, абы дэс цІыху псори гъэр яхуэщІакъым нэмыцэхэм. Ахэр зэрахузэфІэкІкІэ бийм зэран яхуэхъурт. Апхуэдэу ди типографием щылажьэхэр зэхуахусат фашист газет ирагъэщІынуи, техникэр якъутэри къыдагъэкІакъым. Дагъэ щыщІаху заводым, ІэфІыкІэ щащІ фабрикэм, фэм щелэжь ІуэхущІапІэм я лэжьакІуэхэми яхузэфІэкІащ нэмыцэхэм папщІэ зыри къыщІамыгъэкІын. Къалэдэсхэм шынэ ямыщІэу ІуэхуфІ куэд ялэжьащ: партизанхэм я тІасхъэщІэхыу щытащ, уІэгъэ хъуа совет сэлэтхэм еІэзащ. Апхуэдэ дыдэу, налшыкдэсхэм журт куэд ажалым кърагъэлащ, нэмыцэхэм щагъэпщкІуурэ, зауэм хэкІуэда совет сэлэтхэр щІалъхьащ, абыхэм я дэфтэрхэр, дамыгъэхэр ягъэпщкІуурэ яхъумащ.

1942 гъэм и кІэм КавказщІыб фронтым и зауэлІхэр фашистхэм къебгъэрыкІуэу щІадзащ. Абыхэм дэІэпыкъуэгъу яхуэхъуащ Осетие Ищхъэрэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я партизанхэр. Гитлер и дзэхэр хэщІыныгъэшхуэ яІэу икІуэту хуежьащ. 1943 гъэм и пэщІэдзэм совет сэлэтхэр Налшык къыдыхьэжащ. ГуфІэгъуэшхуэкІэ абыхэм япежьащ къалэдэсхэр.

Фашистхэм ди республикэр мазиплІкІэ яІыгъат. А зэманым къриубыдэу ахэр сыт хуэдэ ІэнатІэми зэранышхуэ хуэхъуащ. ЩыІэжтэкъым заводхэр, фабрикэхэр, электростанцхэр, гъуэгухэр, еджапІэхэр. Къалэр зэтекъутат. Нэхъ унэфІхэм ящыщу къэнар пединститутым и закъуэт. Ари къыщІелар фашистхэм къагъэуэну мафІэ зыщІадза кІапсэр пионерхэм зэпаупщІати аращ. Иужьым а щІалэ цІыкІухэм иратащ «Кавказыр зэрахъумам папщІэ» медалыр.

Республикэр хуит къэхъужа иужь, япэ дыдэу зэфІагъэувэжащ фронтым папщІэ хьэпшып къыщІэзыгъэкІ ІуэхущІапІэхэр. ИтІанэ къалэдэсхэр зыхуэныкъуэ нэхъ ІэнатІэхэу крахмал заводыр, лы комбинатыр къызэІуахыжащ. Куэд дэмыкІыу - школхэм, клубхэм, библиотекэхэм, 1943 гъэм и мэкъуауэгъуэм - адыгэ, балъкъэр театрхэм лэжьэн щІадзэжащ.

Дауи, ди республикэм щыпсэухэм я къару закъуэкІэ къалащхьэр зэфІэгъэувэжа хъуакъым. ЗэрахузэфІэкІкІэ абыхэм къадэІэпыкъуащ къэрал унафэщІхэр. Абыхэм республикэм ахъшэ къыхуаутІыпщащ, ІэщІагъэлІхэр къагъэкІуащ, предприятэхэм я Іэмэпсымэхэр, техникэр къэшэжынымкІи къыдэІэпыкъуащ. Псом хуэмыдэу щІэгъэкъуэн хъуащ дзэ частхэр: абыхэм, гъущІ гъуэгухэри хэту, транспорт зекІуапІэхэр зэрагъэпэщыжащ. Гъунэгъу щІыналъэхэми Къэбэрдей-Балъкъэрым зыкъыщІагъэкъуащ. Псалъэм папщІэ, инженер-техникэ лэжьакІуэ куэд Куржым къикІащ, Арменем ди электростанцхэр зыхуэныкъуэ Іэмэпсымэхэр кърашащ, Москва, Ленинград, Харьков я инженерхэр къыддэІэпыкъуащ. Налшык и еджакІуэхэм папщІэ Москва къалэ къикІыу тхылъ мин бжыгъэхэр, зэрытхэ Іэмэпсымэхэр къытІэрыхьащ. Тэтэр, Дагъыстэн республикэхэм партэхэр, тхылъхэр къытхурагъэшащ. Саратов щыІэ пединститутым Налшык дэт абы хуэдэ еджапІэм кърitащ лэжьыгъэм хуэщхьэпэну Іэмэпсымэхэр. НэгъуэщІ лъэныкъуэхэмкІи щІэгъэкъуэнышхуэ къытхуэхъуащ Осетие Ищхъэрэр, Узбекистаныр...

**АНЗОРЫКЪУЭ Аслъэмырзэ.**



# Сабийхэм я зыгъэпсэхупІэ



**Урысей ФСИН-м и управленэу КъБР-м щыІэм и хэщІапІэм, сабийхэм папщІэ зыгъэпсэхупІэ утыку къыщызэІуэхащ. Абы иращІэкІа зэхыхьэ гуапэм хэтащ зи суд ящІахэм я тезырыр щапшын ІуэхущІапІэм и унафэщІ, къэрал кІуэцІ къулыкъум и полковник Демидов Александр, сабийм и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу КъБР-м щыІэ Бэдракъ Іэминэ, Налшык къалэ администрацэм и ІэтащхьэмI и къуэдзэхэу Мэремыкъуэ Альбердрэ Дыгъужь Натэллэрэ, «Проминжиниринг» ухуэныгъэ компанием и унафэщІ Битохъу Азрэт сымэ.**

ДЖЭГУПІЭ утыкум пэплъэ сабийхэр кърoigъэблэгъащ УФСИН-м и унафэщІ Демидов Александр. Абы и псалъэм къыхигъэщащ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхур зыхуэгъэпсар Унагъуэм, лъагъуныгъэм, зэхуэпэжыным и махуэм зэримызакъуэр. « Сабиигъуэм хуэгъэза илъэсипщІым къриубыдэу дэ догъэзащІэ Урысейм и Президентым и унафэр. Дыхуейщ дзэ Іуэху хэхам хэтхэм я унагъуэхэр, УИС-м и лэжьакІуэхэу абыхэм ящыщхэм защІэдгъэкъуэну. Мы утыкур яхуэщІащ абыхэми мыбдежым гъунэгъуу щыпсэухэми я сабийхэм, - жиІащ къэрал кІуэцІ къулыкъум и полковникым.

Псалъэ гуапэхэмкІэ адэ-анэхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ захуигъэзащ Бэдракъ Іэминэ. Абы жиІащ утыкущІэр сабийхэр зыхуей хуэгъэзэным теухуауэ зэфІах лэжьыгъэм зэрыщыщыр. Іэминэ УФСИН-м и унафэщІхэм фІыщІэ яхуищІащ къытщІэхъуэ щІэблэм гулъытэ зэрыхуащІым папщІэ. Езыми ныбжьыщІэхэм зыщыгуфІыкІ морожнэ яритащ.

Іуэхум мыхьэнэшхуэ зэриІэр жиІащ Налшык къалэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэми. - Мэрием къыбгъэдэкІыу сынывохъуэхъу. ФІыщІэшхуэ хузощІ УФСИН-м и унафэщІым къыхилъхьа жэрдэмым папщІэ, - жиІащ Дыгъужь Натэллэ.

Ухуэныгъэ компанием и унафэщІым жиІащ лэжьыгъэхэр щрагъэкІуэкІым сабийхэм я зыгъэпсэхупІэ утыкур шынагъуэншэу икІи зэпэщу щытыным зэрелІалІэр.

Сабий утыкущІэр къыщызэІуахым лентІ плъыжьыр зэпаупщІащ Демидов Александр, Бэдракъ Іэминэ, Мэремкъул Альберд сымэ. АдэкІэ футболист ныбжьыщІэхэр зэпеуащ, хъыджэбз цІыкІухэм зыуэ загуэшащ джэгупІэхэм. Турникхэр, пшахъуэ джэгупІэхэр, теннис стІол, боксёр Іэмэпсымэ жыпІэми, ныбжьыщІэхэр зыхуей защІэщ утыкум щагъэувахэр.

ДыщІыдгъужынщи, сабий утыкур зэпэщ щІыныр пхыкІащ КъБР-м щыІэ УФСИН-м и унафэщІхэм я фІыгъэкІэ. Мы ІуэхущІапІэм и лэжьакІуэхэр щыпсэу унэм щІэсхэм я жэрдэмыр зэпеуэм пхыкІри, субсидиеу сом мелуани 2 кърaтащ мыхьэнэ зиІэ проектыр ягъэзэщІэфын щхьэкІэ. А зэпеуэр иригъэкІуэкІащ Налшык къалэ округым и администрацэм.

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**

● УФСБ-м къет

# ЗыщІэгупсысыжыну?

**Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыІэм и лэжьакІуэхэм къыщІагъэщащ Налшык къалэ округым и пощт къудамэхэм язым и унафэщІым зэрихьэ хабзэншагъэр.**

ЗЭРАГЪЭБЕЛДЖЫЛАМКІЭ, къэдгъэлъэгъуам зыкІэщІиупщІэри езыр зэрыхуейуэ къигъэсэбэпащ зи унафэщІ ІуэхущІапІэм иІэ ахъшэр.

КъБР-м и Налшык къалэ судым и унафэ къару зыгъуэтам ипкъ иткІэ, ар къуаншэу къалъытащ УФ-м и УК-м и 160-нэ статьям и 3-нэ Іыхьэм къыщыхьа щІэпхъаджагъэ зэрилэжьамкІэ икІи ямыгъэтІысу илъэсрэ мази 6-рэ тралъхьащи, зыщІэгупсысыжыну Іэмал иІэщ.

Егъэджакlуэм и чэнджэщхэр

# Хэгъэзыхь, къалэн зэпытым сабийр щlэхыу ирегъэш

**Ныбжьыщlэр школым щыщlэтlысхьэм деж, еджэным хуэхьэзыру щытын зэрыхуейр псоми къагуроlуэ, ауэ зэрыхуэгъэхьэзырын хуей щlыкlэм иризодауэ: хэти жеlэ тхэкlи еджэкlи имыщlэмэ, еджэныр щlэщыгъуэ щыхъуу дихьэхыну; хэти тхэкlи, еджэкlи, бжэкlи ищlэмэ, тыншыну къелъытэ; язынықъуэхэми жаlэ апхуэдэ сабийм япэ илъэс ныкъуэм lэзэу зыкъыщыхъужрэ, имыщlэ къызэрыкъуэкlыу, ар и щхьэ хуимыгъэфащэу, и гукъыдэжым кlэрыхуурэ еджэным гущыкl хуищlу.**

**Къэдгъэлъэгъуа lуэху еплъыкlэ псоми арэзы утехъуэ хъунущ – сабий къэс и хьэл-щэн иlэжщи, япэ еджэгъуэ илъэсыр къызэрыщыхъунур къэщlэгъуейщ. Шэч зыхэмылъыр дэтхэнэ адэ-анэри я бынхэм я ехъулlэныгъэмкlэ гушхуэным зэрыхуэпабгъэрщ. А ехъулlэныгъэр школым щlэтlысхьагъащlэ сабийм иlэн папщlэ, дауэ узэрыдэlэпыкъун хуейр, сыт ебгъащlэмэ нэхъ къыхуэщхьэпэну? Куэд зыгъэпlейтей а lуэхугъуэхэм, lыхьэ куэду зэхэлъ а лэжьыгъэм къытхутопсэлъыхь егъэджэныгъэм и ветеран, УФ-м егъэджэныгъэмкlэ щlыхь зиlэ и лэжьакlуэ Сэрахъэ Людмилэ.**

«САБИЙР школым фlыуэ щеджэфын папщlэ, щыщlэтlысхьэм деж и lэпкълъэпкъым щыщу нэхъ лэжьыгъэшхуэ зытещlэхэр абы хуэхьэзыру щытын хуейщ. Япэрауэ, и лъынтхуэхэм загъэпсэхуауэ (и жеин ирикъуауэ, гукъеуэ имыlэу, гуныкъуэгъуэ имылъагъуу) щытыпхъэщ. Етlуанэу, сабийм къыгурыlуэу щытыпхъэщ джэгуми пlалъэ зэриlэр, абы дяпэкlэ къалэн гуэрхэри зэриlэнур, ар гъэзэщlэнми зэман хухихын зэрыхуейр. Арыншамэ, ар урок псокlэ зэтеубыдауэ щысыфынукъым, екъузылlауэ егъэджакlуэм жиlэм едэlуэфынукъым.

Сабийм тхэкlэ, сурэт щlыкlэ ищlэн папщlэ, lэмал зимыlэ lуэхугъуэщ зэрытхэ къалэмыр тэмэму иlыгъыныр, игъэlэрыхуэныр, езым абы гукъыдэж хуиlэу зэрыщытыпхъэр. Псом я щхьэжыр и бзэращи, макъхэр гъэхуауэ жиlэу. И гупсысэхэр lупщlу, гурыlуэгъуэу къиlуэтэфын хуейщ. Макъхэр тэмэму имыгъэlуфмэ, тэмэмуи тхэфынукъым.

Язынықъуэ сабийхэр школым хуэхьэзыр дыдэу щlотlысхьэ икlи къемыхьэлъэкlыщэуи щоджэ. Ауэ егъэджакlуэхэм, психологхэм, дохутырхэм гу зэрылъатамкlэ, еджэныр икъукlэ къызэхьэлъэкl сабии ди мащlэкъым, lущ цlыкlуу къалъытэу школым щlэтlысхьами. Хэт зэрыщlэтlысхьэу емыджэф мэхъу, хэти школым къыщрат лэжьыгъэр егъэзэщlэф, оценкэфlхэри къехь, ауэ абы гугъу дыдэ дохь.

Хэгъэзыхь, къалэн зэпытым сабийр щlэхыу ирегъэш, и узыншагъэм зэран хуохъу: нэхъ гъур, тэмакъкlэщl, гъринэ, щыжейм къыхэщтыкl, щlэх мыгъуэлъыжыф мэхъу. Апхуэдэ сабийхэр еджэным хуэхьэзыркъым. Ар нэхъыбэу къызыхэкlынкlэ хъунур сабийр иджыри анэм и ныбэ щилъым деж зыхуей витамин, тыншыгъуэ, жьы къабзэ зэримыlарщ, гугъу дыдэ ехьу дунейм къызэрытехьарщ. Япэ илъэсым сымаджэрилэу щытамэ, къупщхьэхэр быдэ хъун, и щхьэ куцlым зиужьын папщlэ минеральнэ шыгъу, белок жыхуаlэхэр тэмэму имыгъуэтамэ, сабийм и lэпкълъэпкъыр мыузэщlа мэхъури, ахэращ щlэхыу езэшыныр къызыхэкlыр.

Еджэным къыкlэрымыхун папщlэ, сабийр школым щlэмытlысхьэ щlыкlэ еджапlэм зыщыхуеину зэфlэкlхэм зегъэужьыныр lуэхугъуэ щхьэпэщ. Еджапlэм хуэгъэхьэзырын хуейщ дэтхэнэри, псом хуэмыдэу сабий гъэсапlэм мыкlуэхэр. И ныбжьыр илъэситху зэрырикъуу, школым хуэгъэхьэзырыным махуэ къэс елэжьын хуейщ. Дауэ? Махуэ къэс сурэт ищlын, ар илэжын, зыгуэрхэм трищlыкlын (щlимытхыкlыу) хуейщ. lэмал зэриlэкlэ, зыри lэпывмыуд, хуэвгъэщlагъуэ, тевгъэгушхуэ. Фыкlэлъыплъ къэрэндащыр, фломастерыр, кисточкэр тэмэму зэриlыгъым.

Сэбэпышхуэ иlэщ пластилиным зыгуэрхэр къыхищlыкlыным, тхылъымпlэм, щэкlым, тхылъымпlэ lувым къыхибзыкlыным. Лэныстэр жану, тыншу бзэуэ, ауэ и пэхэр пагуэу щытыпхъэщ. Конструктор цlыкlу фиlэмэ, фыдэlэпыкъуурэ, ар зэпкъревгъалъхьэ. Сабийхэм щlыlу ирадэфу,



хъыджэбз цlыкlухэм мастэзакъуэкlэ (крючок) lэпэхъ ящlыфу, хадыкlыфу евгъасэ. Апхуэдэ lуэхухэм ныбжьыщlэхэр тегушхуауэ лэжьэф, я lэпэ цlыкlухэр быдэ, я гупсысэр жан ящl. Тlэкlу езэшмэ, яlэщlэужагъуэмэ, мыр lэмалыфlщ: пасэ зэманым адыгэ хъыджэбз цlыкlухэр lэ псынщlэу къэхъун папщlэ «шэкъащтэ» ягъэджэгуу щытащ: мывэ цlыкlухэр драдзейуэрэ зыр къехуэхыжыху, щlым щылъыр къапхъуатэрэ а къехуэхыжри къаубыдыжу. Абы сабийр lэ псынщlэ ищlырт. Мывэ цlыкlухэр иджы топ цlыкlукlэ зэпхъуэкlыу сабийхэр бгъэджэгу хъунущ.

Сабийм и бзэм щыщlэныгъэ гуэр иlэмэ, пасэу логопедыр кlэлъывгъэплъ, сыту жыпlэмэ, макъхэр тэмэму къэзымыпсэлъыфхэм ар къызэрагъэлъагъуэ хьэрфри псалъэри тэмэму ятхыфынукъым. Сабийм и бзэр узэщlа хъун папщlэ, абы фыкъызыхуеджа тхылъхэм зэгъусэу фытепсэлъыхьыж, илъэгъуа гуэр жевгъэlэж, сурэт цlыкlухэм (журналхэм, тхылъхэм итхэм) тевгъэпсэлъыхь. Ар школым щыкlуэн хуей гъэм и щlышылэм къыщыщlэдзауэ тхьэмахуэ къэс зэ-тlэу фыдэлажьэ, и lэ цlыкlухэр тхыгъэм хуэlэрыхуэ хъун папщlэ. Школым щlэтlысхьа нэужь тхэнри, къеджэнри, есэпри хузэтрехьэри, хуэмыхьэзыр сабийм а лэжьыгъэхэр зэдихьын хузэфlэкlыркъым. Сабийм и lэпхъуамбэхэр тхэным хуэгъэхьэзырауэ, тепыlэгъуэ иlэу лэжьэфу есамэ, еджэнри хузэфlэкlынущ, егъэджакlуэм едэlуэфу, абы жиlэр къыгурыlуэу щlэсынущ.

Ныбжьыщlэхэм ядэлэжьэн щыщlэбдзэм деж доска цlыкlукlэ е тхылъымпlэ напэм деж щегъэлъагъун хуейщ. Апхуэдэуи хьэрфым е бжыгъэм и тхыкlэр хьэуам деж щевгъэлъагъу, езыми «хьэуам щевгъэтх», итlанэ екъуа цlыкlукlэ (пунктиркlэ) тхам тевгъэтхыхьыж. Итlанэ сабийм зевгъэгъэпсэху. Иджы езым итхыфын хуейщ а зытетхыхьа элементхэр. Зыщывмыгъэгъупщэ: илъэситху-хы ныбжьым ит сабийр дакъикъищ фlэкlа еубыдылlауэ тхэфынукъым – щыуагъэ ищlынущ. Дакъикъитl-щым сатыр зы-тlу итхыфакъэ – и lэ цlыкlухэм зевгъэгъэпсэху. Сурэт гуэрхэм еплъ, къэтэджу джэгу хъунущ. Дакъикъэ зыщыплl дэкlмэ, аргуэру сатыр зы-тlу евгъэтх. Мыпlащlэу, егугъуу, дахэу зэрытхэным хуэвгъэlущ, игу къэвгъэкlыж: зыщебгъасэкlэ дахэу птхымэ, сытым дежи дахэу утхэнущ.

Етlуанэ лэжьыгъэм иужь фыщихьэнур махуитl-щы дэкlмэщ. А фтха дыдэр сатыр зыщыплlу евгъэтх. Зы тхьэмахуэм хуэзэу зы элемент ебгъащlэмэ нэхъыфlщ, армыхъумэ къытехьэлъэнущ.

Ди лэжьыгъэм къызэригъэлъэгъуащи, мыпхуэдэ щlыкlэм тету ягъэхьэзыра сабийхэр школым нэхъ тыншу, емызэшу, тэмэму щотхэф. Сабийм узэрыдэлажьэ зэманыр зы махуэм дакъикъэ 20-25-м щlебгъэгъу хъунукъым. А зэманым иужькlэ ныбжьыщlэр йошри, къомыдэlуэжыф мэхъу, щысыну тепыlэгъуи иlэжкъым.

Фигу къызогъэкlыж: сабийр зыбгъэдэс стlолри, зытес шэнтри и ныбжьым, и lэпкълъэпкъым и инагъым хуэкlуэу щытын хуейщ. И лъэгуажьэм деж къыщыгъэша лъакъуэхэр икlи щlэмыкъузауэ икlи щlэмышиикlауэ (лъэгуажьэ къэгъэшыпlэм и щlагъыр градус 90 хъууэ) хуиту лъэгукlэ щlым е лъакъуэ тегъэувапlэм теувэу щытыпхъэщ.

Тетрадымрэ и нэхэмрэ я зэхуакур и lэфракlэм и кlыхьагъщ зэрыхъун хуейр, lэпхъуамбэхэр хэпшмэ, нэм еуалlэу. Ныбафэкlэ е бгъэгукlэ стlолым еlусэныр къемызэгъщ – стlолымрэ сабиймрэ бгъэмрэ я зэхуакум сабийм и lэгум и lувагъыр хуиту дэкlыу, тетрадым тридзэ нэхури сэмэгумкlэ къикlыу щытын хуейщ. Ныбжьыщlэм и lэпкълъэпкъым зиужьмэ, псом хуэмыдэу и lэпэхэр зыгуэрым елэжьмэ, и бзэмрэ и щхьэ куцlымри нэхъыфlу зауэж».

*Зыгъэхьэзырар* **ТАМБИЙ Линэщ**.

Махуэгъэпс

# Цlыхуу дунейм тетыр меларди 8-м щlегъу

**Ди планетэм цlыхуу тетым я бжыгъэр псынщlэ дыдэу зэрыхэхъуэм къишэнкlэ хъуну гузэвэгъуэр зыхуэдэм ООН-м хэтхэм нэхъ зэlухауэ тепсэлъыхьын щыщlадзар ХХ лlэщlыгъуэм и 60 гъэхэрщ.**

БЛЭКlА мыжыжьэм къызэригъэлъэгъуамкlэ, щlэныгъэрылажьэхэр а лъэхъэнэм зыгъэпlейтеяр щхьэусыгъуэншэтэкъым, 1999 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм ди планетэм щыпсэуам я бжыгъэр, 1960 гъэм елъытауэ (илъэс 39-м къриубыдэу!), тlукlэ нэхъыбэ зэрыхъуар къыхэдгъэщмэ.

Щlы Хъурейм цlыхуу тесым я дунейпсо махуэу бадзэуэгъуэм и 11-р къыщалъытар ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэу 1990 гъэм и дыгъэгъазэм екlуэкlарщ.

А пlалъэм щlыхуагъэзам и щхьэусыгъуэу къабжар 1987 гъэм бадзэуэгъуэм и 11-м ди планетэм цlыхуу тетар меларди 5-м зэрыщынэсарщ. Телъыджэращи, а бжыгъэр адэкlэ меларди 6-м хуэкlуэным ихьыжар илъэс 12 къудейщ.

Щlы Хъурейм цlыхуу тесам я бжыгъэр мелардым щынэсар XVIII-XIX лlэщlыгъуэхэм я зэпылъыпlэрщ. Арщхьэкlэ, адэкlэ къэхъуар гъэщlэгъуэн дыдэщ: ди планетэм цlыхуу щыпсэум я бжыгъэр мелардитlым нэблэгъэным ихьыжар абы къыкlэлъыкlуа илъэси 130-рэ иримыкъущ! Ауэрэ здекlуэкlым, 1950 гъэм ди планетэм цlыхуу щыпсэуахэр меларди 2,5-м щхьэдэхащ.

Атlэми, ХХ лlэщlыгъуэм и етlуанэ lыхьэрщ ямылейуэ хэхъуэн щыщlэддзар. Апхуэдэу, 1974 гъэм меларди 4-м дынэсащ. Илъэс 13 дэкlри 1987 гъэм, Щlы Хъурейм къытехутащ мелардитхум «дынэзышэса» сабийр. Къыкlэлъыкlуа илъэс 12-р зэриухыу (XXI лlэщlыгъуэм дыщыхыхьам), псори зэхэту ди бжыгъэр мелардихым щхьэдэзыгъэхари, къызэрыхэдгъэщащи, дунейм къытехьащ. Иджыри илъэс 12 къыщызэднэкlа 2011 гъэм жэпуэгъуэм и 31-м ООН-м хъыбар зэбгригъэхащ цlыхум я бжыгъэр меларди 7-м зэрынэсамкlэ.

2024 гъэм и кlэм ди планетэм цlыхуу тетым я бжыгъэр меларди 8,156-м нэсащ. Ауэ щыхъукlи, Щlым цlыхуу тесым я бжыгъэр 1800 - 2024 илъэсхэм къриубыдэу хуэдийкlэ хэхъуащ! Адэкlи апхуэдэу екlуэкlмэ, зэрыгурыlуэгъуэщи, нэхъ псынщlэжу нэхъыбэж дызэрыхъуным шэч хэлъкъым.

Абы щыгъуэми, щlэныгъэлlхэми зэрыжаlэу, ООН-м щылажьэхэр мы lуэхум щlытегузэвыхьыр псом я дежкlи гурыlуэгъуэ хъунут ди планетэм цlыхуу тесым я бжыгъэр адэкlи нэхъ псынщlэжу зэрыхэхъуэми а lуэхум дяпэкlэ дызыхуишэнкlэ хъуну зыхуагъэфащэхэми къулыкъущlи цlыху къызэрыгуэкlи дегупсысу щытыгъамэ. Уэ сыти жыlи, ООН-м ядэлажьэ lэщlагъэлlхэм къызэралъытэмкlэ, зэрекlуэкlым дытетмэ, 2050 гъэм Щlы Хъурейм цlыхуу щыпсэунухэм я бжыгъэр мелард 11-м щхьэдэхынущ.

Итlани, дызэрыщыгъуазэщи, планетэр зэрыщыту къэтщтэнщи, къэралхэм, щlыналъэхэм, континетхэм щыпсэухэм я бжыгъэм зэрыщыхэхъуэр зэхуэдэкъым. Зи гугъу тщlы мы lуэхум ехьэлlауэ 1994 гъэм и фокlадэм Египетым и къалащхьэ Каир щекlуэкlат къэрали 179-м я лlыкlуэхэр зыхэта зэхуэс гукъинэж. Абы щыхэплъат блэкlа лъэхъэнэхэм Щlы Хъурейм (зэрыщыту къатщтэмэ) зыужьыкlэу иlампрэ цlыхуу тетым я псэукlэм зэхъуэкlыныгъэу игъуэтар зыхуэдэмрэ.

Зэхыхьэм къыщащта дэфтэру къыкlэлъыкlуа илъэс 20-м тещlыхьам къыщыгъэлъэгъуат а пlалъэм къриубыдэу ди планетэм цlыхуу тетынухэм я щыlэкlэ-псэукlэр зыхуэдэнур, щlэныгъэр ди тегъэщlапlэу, зэхэдгъэкlынымрэ ди бжыгъэм зэрызихъуэжам кlэлъыплъынымкlэ длэжьыпхъэхэмрэ. А программэм иратхат зи зыужьыныгъэкlэ адрейхэм къакlэрыху къэралхэм запыщlэнымкlэ, щыпсэухэр зыхэт тхьэмыщкlагъэм къыхэшынымкlэ, дэхуэхахэр щlэныгъэм бгъэдэшэнымкlэ, сабий куэд зиlэ унагъуэхэм защlэгъэкъуэнымкlэ хэкlыпlэу къалъытэхэри.

Зэрытщlэщи, Щlы Хъурейм щыпсэухэр XXI лlэщlыгъуэм и пэщlэдзэм нэхъ дызыгъэгулъэз lуэхугъуэшхуэу къытхукъуэкlахэм ящыщщ ди планетэм и щхьэфэм щыщыlэ хуабагъэм зэпымыууэ зэрыхэхъуэр. Абы и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщу щlэныгъэлlхэм къалъытэр, планетэм тесхэм я бжыгъэр кlуэ пэтми нэхъыбэ зэрыхъум имызакъуэу, езы цlыхухэм щlыуэпсым леишхуэ езых лэжьыгъэхэри щlэгъэхуэбжьауэ зэрырагъэкlуэкlырщ. Уеблэмэ иужьрейр нэхъ ухэзыгъаплъэщ.

Аращи, зи гугъу тщlа lуэхухэм нэхъ гумызагъэу драгупсысын щхьэкlэщ Щlы Хъурейм тесхэм я дунейпсо махуэр къыщlыхалъхьар.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн**.



## Мэрем, бадзэуэгъуэм и 18

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00** Новости
**09.20** «Модный приговор» (0+)
**10.10** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 17.00** Информационный канал (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**18.40** Т/с «ИЩЕЙКА» (16+)
**19.45** «Поле чудес» (16+)
**21.00** «Время»
**21.45** Что? Где? Когда? (16+)
**22.55** «Наша новая музыка» (12+)
**00.15** Х/ф «ШАГНИ ВПЕРЕД» (18+)
**02.10** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ»
**17.00** «Малахов» (16+)
**18.00** «60 минут» (12+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** «Ну-ка, все вместе! Народный кастинг» (12+)
**23.40** «Истории Большой Страны» (12+)
**00.40** Х/ф «ЕГО ЛЮБОВЬ» (16+)

### НТВ

**04.55** Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. СМЕРЧ» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00** «Сегодня»
**08.25** Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. СМЕРЧ» (16+)
**10.35** Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. СМЕРЧ» (16+)
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** Т/с «ЗИМОРОДОК» (16+)
**16.45** «ДНК» (16+)
**17.55** «Жди меня» (12+)
**20.00** Т/с «МЕНТОВСКИЕ ВОЙНЫ» (16+)
**23.55** Д/сф «Неизвестная Россия»
**01.35** «Квартирный вопрос» (0+)
**02.30** Т/с «КУРОРТНАЯ ПОЛИЦИЯ» (16+)

### ЗВЕЗДА

**06.00** «Не факт!» (12+)
**06.30** «СССР. Знак качества» (12+)
**09.00, 13.00, 17.00, 19.00** Новости дня (16+)
**09.25** Х/ф «В КВАДРАТЕ 45» (16+)
**10.50, 13.20** Х/ф «ВО БОРУ БРУСНИКА» (16+)
**14.35, 15.05, 17.15** Т/с «ВИКИНГ»
**15.00** Военные новости (16+)
**19.30** «Загадки века с Сергеем Медведевым». Д/с (12+)
**22.00** «Здравствуйте, товарищи!»
**23.30** «Музыка+». «Настроение Победы. Руслан Осташко, Елена Максимова, Ян Марти, Ирина Ортман» (12+)
**00.50** Х/ф «СОЛОМЕННАЯ ШЛЯПКА» (16+)
**02.55** Х/ф «МАМА ВЫШЛА ЗАМУЖ» (16+)
**04.15** Х/ф «ЖАЖДА» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** Д/ф. «Путь подвижника. День памяти преподобного Сергия Радонежского»
**07.00** Легенды мирового кино
**07.30** Т/с «РОЖДЕННАЯ РЕВОЛЮЦИЕЙ» (16+)
**09.15** Диалоги о животных
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30** Новости культуры
**10.15** Д/ «Жизнь и путешествия Миклухо-Маклая»
**11.05** Х/ф «ПРИКЛЮЧЕНИЯ МАЛЕНЬКОГО МУКА» (16+)
**12.45** Д/с «Забытое ремесло»
**13.05** ТелеСпектакль «Сирано де Бержерак»
**16.00** «Монолог в 4-х частях»
**16.30** Д/ «Путь подвижника. День памяти преподобного Сергия Радонежского»
**17.15** Симфонии эпохи романтизма
**17.55** Шедевры старого кино
**19.45** «Рассказы из русской истории»
**20.35** Х/ф «ОНА ВАС ЛЮБИТ»
**22.00** Большой балет-2024
**00.10** Х/ф «КОРОЛЕВСКАЯ СВАДЬБА» (16+)
**01.45** Симфонии эпохи романтизма
**02.40** М/ф «Легенда о Сальери»

### МАТЧ!

**06.00** Синхронное плавание. Чемпионат мира по водным видам спорта. Женщины. Прямая трансляция из Сингапура
**06.30** Д/с «Век нашего спорта» (12+)
**07.00, 15.25** Новости
**07.05, 13.45, 19.30, 22.45** Все на Матч! Прямая трансляция
**08.20** Д/с «Небесная грация» (6+)
**08.40** Синхронное плавание. Чемпионат мира по водным видам спорта. Женщины. Прямая трансляция из Сингапура
**11.05** Автоспорт. Ралли-рейд «Шелковый путь» (6+)
**11.25** Синхронное плавание. Чемпионат мира по водным видам спорта. Женщины. Прямая трансляция из Сингапура
**14.25** «Формула-1. Гаснут огни»
**14.55** «Лучшие из лучших» (12+)
**15.30** Смешанные единоборства. One FC. Прямая трансляция из Таиланда
**20.00** Футбол. «Динамо» (Москва) - «Балтика» (Калининградская область). МИР Российская Премьер-Лига. Прямая трансляция
**00.00** Пляжный волейбол. Финал Кубка России. Женщины. Трансляция из Санкт-Петербурга (6+)
**00.55** Пляжный волейбол. Финал Кубка России. Мужчины. Трансляция из Санкт-Петербурга (6+)
**01.55** Д/ф «Виктор Царев. Капитан великой команды» (12+)
**02.50** Новости (0+)
**02.55** Плавание. Чемпионат мира по водным видам спорта. Открытая вода. Прямая трансляция из Сингапура
**04.15** Смешанные единоборства. One FC. Трансляция из Таиланда (16+)

## Щэбэт, бадзэуэгъуэм и 19

### 1

**06.00** Телеканал «Доброе утро. Суббота»
**09.45** «Слово пастыря» (0+)
**10.00, 12.00** Новости
**10.15** Д/ф «Три кита Василия Ливанова». К 90-летию народного артиста» (12+)
**11.05** Д/ф «Олимпиада-80. Больше чем спорт» (12+)
**12.15** Д/ф «Союз-Аполлон». Сила притяжения». К 50-летию первой международной космической экспедиции»
**13.20** Т/с «УБОЙНАЯ СИЛА» (16+)
**16.20** «Кто хочет стать миллионером?» (12+)
**18.00** Вечерние новости
**18.20** Д/ф «Музыка - это лестница в небо». К 80-летию композитора Алексея Рыбникова
**19.20** Творческий вечер Алексея Рыбникова. «Через тернии к звездам» (12+)
**21.00** «Время»
**21.35** «Сегодня вечером» (16+)
**23.50** Вечер бокса. Алексей Папин (Россия) - Милан Ровчанин (Сербия). Артем Сусленков (Россия) - Агрон Смакичи (Хорватия). Бой за титул WBA Continental в супертяжелом весе. Прямая трансляция
**01.20** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России. Суббота
**08.00** Местное время. Суббота
**08.35** «По секрету всему свету»
**09.00** «Формула еды» (12+)
**09.25** «Пятеро на одного»
**10.10** Сто к одному
**11.00, 14.00, 17.00, 20.00** Вести
**11.30** «Наши. Военкоры» (12+)
**12.00** Д/ф «Азов» головного мозга»
**13.00** Большие перемены
**14.30** Вести. Местное время
**14.50** «Парад юмора» (16+)
**17.50** «Привет, Андрей!» (12+)
**20.50** Вести. Местное время
**21.00** Х/ф «ВРЕМЯ НАДЕЖДЫ»
**00.40** Х/ф «РАСПЛАТА ЗА СЧАСТЬЕ» (16+)
**04.20** Х/ф «МАША» (16+)

### НТВ

**04.45** Т/с «ДЕЛЬТА» (16+)
**07.15** «Игры разумов» (0+)
**08.00, 10.00, 16.00, 19.00** «Сегодня»
**08.20** «Поедем, поедим!» (16+)
**09.20** «Едим дома»
**10.20** «Главная дорога» (16+)
**11.00** «Живая еда» с Сергеем Малоземовым» (12+)
**12.00** «Квартирный вопрос» (0+)
**13.00** Д/с «Авторитеты» (16+)
**15.00** «Своя игра» (0+)
**16.20** ЧП. Расследование (16+)
**17.00** «Следствие вели...» (16+)
**19.40** Т/с «МЕНТОВСКИЕ ВОЙНЫ» (16+)
**23.20** Люся Чеботина. «Первая леди». Первый сольный концерт (12+)
**01.35** «Дачный ответ» (0+)
**02.25** Т/с «КУРОРТНАЯ ПОЛИЦИЯ» (16+)

### ЗВЕЗДА

**05.40** Х/ф «ОГОНЬ, ВОДА И... МЕДНЫЕ ТРУБЫ» (16+)
**07.15** Х/ф «ОДИН ШАНС ИЗ ТЫСЯЧИ» (16+)
**09.00, 13.00, 19.00** Новости дня
**09.15** «Второе мнение» (12+)
**09.45** «СССР. Знак качества» с Иваном Охлобыстиным». «Мама, папа, я - советская семья» (12+)
**10.35** «Не факт!» (12+)
**11.05** «Легенды музыки». «Татьяна Буланова 35 лет на сцене»
**11.35** «Легенды кино». Анастасия Вертинская (12+)
**12.30** «Любовь на линии огня». «Судьбы скрещенья» (16+)
**13.20** «Народный ВПК». «Идеальный шторм» (12+)
**13.45** «Крещение Руси». Докудрама (16+)
**17.55, 19.20** Х/ф «СУМКА ИНКАССАТОРА» (16+)
**20.15** Х/ф «НЕВЫПОЛНИМОЕ ЗАДАНИЕ» (16+)
**23.00** Х/ф «ТИХАЯ ЗАСТАВА»
**00.55** Х/ф «ЗВЕЗДА» (16+)
**02.30** Х/ф «СОЛОМЕННАЯ ШЛЯПКА» (16+)
**04.35** Х/ф «ПОДВИГ РАЗВЕДЧИКА» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** «Библейский сюжет»
**07.05** М/ф «Сказка о золотом петушке». «Лиса и заяц»
**07.50** Х/ф «ПОД КУПОЛОМ ЦИРКА» (16+)
**10.00** Тайны старого чердака
**10.30** Большой балет-2024
**12.45** Д/ «Ханнун Соондан»
**13.45** Х/ф «ПОЧТИ СМЕШНАЯ ИСТОРИЯ» (16+)
**16.10** Д/с «Рассекреченная история»
**16.40** «Острова»
**17.20** Спектакль «Юнона» и «Авось»
**18.45** Д/с «Чистая победа 1941-1945»
**19.30** Новости культуры
**19.45** «Белая студия»
**20.25** Х/ф «НЕОТПРАВЛЕННОЕ ПИСЬМО» (16+)
**22.00** Клуб «Шаболовка, 37»
**23.05** Х/ф «ВИЗИТ» (16+)
**00.55** Д/ «Нейросеть»
**01.50** Д/с «Искатели»

### МАТЧ!

**06.00** 30 лет UFC. Лучшие нокауты (16+)
**06.30** Матч! Парад (16+)
**07.00, 08.35, 13.05** Новости
**07.05, 12.00, 15.15, 18.00, 22.45** Все на Матч! Прямая трансляция
**08.40** Синхронное плавание. Чемпионат мира по водным видам спорта. Мужчины. Прямая трансляция из Сингапура
**10.30** Автоспорт. Ралли-рейд «Шелковый путь» (6+)
**10.50** Д/ф «Олимпиада 80. Вопреки невозможному» (12+)
**13.10** Синхронное плавание. Чемпионат мира по водным видам спорта. Женщины. Прямая трансляция из Сингапура
**15.55** Пляжный волейбол. Финал Кубка России. Женщины. **1/2** финала. Прямая трансляция из Санкт-Петербурга
**20.00** Футбол. «Спартак» (Москва) - «Динамо» (Махачкала). МИР Российская Премьер-Лига. Прямая трансляция

## Тхьэмахуэ, бадзэуэгъуэм и 20

### 1

**06.00, 10.00, 12.00** Новости
**06.10** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
**06.40** Играй, гармонь любимая!
**07.25** «Здоровье» (16+)
**08.30** «Золотая коллекция «Союзмультфильма» (0+)
**09.10** «Непутевые заметки»
**09.30** «Мечталлион». Национальная Лотерея (12+)
**10.15** «Жизнь своих» (12+)
**11.05** «Повара на колесах» (12+)
**12.15** «Будем жить!» (16+)
**13.10** «Видели видео?» (0+)
**14.05** Х/ф «СОБАКА БАСКЕРВИЛЕЙ». К 90-летию со дня рождения Василия Ливанова
**17.00** Д/ф «Жил-был я». К 85-летию композитора Давида Тухманова» (12+)
**18.00** Вечерние новости
**18.40** Концерт «День Победы», посвященный 85-летию композитора Давида Тухманова
**21.00** «Время»
**23.00** Т/с «ТРИГГЕР» (16+)
**00.00** Х/ф «САМЫЙ ЛУЧШИЙ БОСС» (18+)

### РОССИЯ 1

**06.10** Х/ф «ТОЛЬКО ЛЮБОВЬ»
**08.00** Местное время. Воскресенье
**08.35** «Когда все дома с Тимуром Кизяковым»
**09.25** «Утренняя почта» с Николаем Басковым
**10.10** Сто к одному
**11.00, 14.00, 17.00, 20.00** Вести
**11.30** «Наши. Военкоры» (12+)
**12.00** «Доктор Мясников» (12+)
**13.00** Судьба человека с Борисом Корчевниковым (12+)
**14.30** Вести. Местное время
**15.00** «Юмор! Юмор! Юмор!!!» (
**17.50** «Песни от всей души» (12+)
**22.30** Воскресный вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
**01.05** Д/ф «Азов» головного мозга»

### НТВ

**04.45** Т/с «ДЕЛЬТА» (16+)
**07.20** «Игры разумов» (0+)
**08.00, 10.00, 16.00, 19.00** «Сегодня»
**08.20** «У нас выигрывают!» (12+)
**10.20** «Первая передача» (16+)
**11.00** «Чудо техники» (12+)
**12.00** «Дачный ответ» (0+)
**13.00** «НашПотребНадзор» (16+)
**14.00** «Однажды...» (16+)
**15.00** «Своя игра» (0+)
**16.20** ЧП. Расследование (16+)
**17.00** «Следствие вели...» (16+)
**18.00** Основано на реальных событиях
**19.40** Основано на реальных событиях (16+)
**22.30** Гала-концерт VI Семейного образовательного форума Леонида Агутина «Опять 25» и звезд «Русского радио»
**00.55** Х/ф «МУЖ ПО ВЫЗОВУ»

### ЗВЕЗДА

**06.05** Х/ф «ДЕРЗОСТЬ» (16+)
**08.10** Х/ф «ОЖИДАНИЕ ПОЛКОВНИКА ШАЛЫГИНА»
**09.55** «Военная приемка» (12+)
**10.40** «Легенды армии с Александром Маршалом». Алексей Волошин (12+)
**11.30** «Война миров». «США против России. Стратегия «цветных революций» (16+)
**12.20** «Код доступа». «Искусственный интеллект. мир для человека или мир без человека?»
**13.10** «Улика из прошлого». «Не дошли до Берлина. Загадка остановленных наступлений англосаксов и ВСУ»
**14.00** «Скрытые угрозы» с Николаем Чиндяйкиным (16+)
**14.50** «Секретные материалы». «Центком» и «суперпаки». Как работает «министерство правды» США?» (16+)
**15.40** «Загадки века с Сергеем Медведевым». «Агент Мюрат. Роковая любовь» (12+)
**16.30** Д/с «Легенды советского сыска. Годы войны» (16+)
**22.10** Т/с «ВИКИНГ» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** М/ф «Алиса в стране чудес». «Алиса в Зазеркалье». «Это что за птица?»
**08.00** Х/ф «ДОВЕРИЕ» (16+)
**10.10** Тайны старого чердака
**10.40** Х/ф «НЕОТПРАВЛЕННОЕ ПИСЬМО» (16+)
**12.15** Д/с «Вселенная смыслов Любови Савельевой»
**12.45** Д/ «Влюбленные в математику»
**13.20** «Игра в бисер» с Игорем Волгиным
**14.00** Х/ф «ПРИКЛЮЧЕНИЯ БУРАТИНО» (16+)
**16.15** Д/ «Приключения Буратино». Поле чудес в Стране дураков»
**16.55** Д/ «Нейросеть»
**17.50** ХХ век
**18.45** Д/с «Чистая победа 1941-1945»
**19.30** Новости культуры
**19.45** Линия жизни
**20.40** «Романтика романса»
**21.40** Х/ф «КОЛЛЕГИ» (16+)
**23.20** Д/ «Роман в камне»
**23.50** Х/ф «СЧАСТЛИВЫЕ КРАСИВЕЕ» (16+)

### МАТЧ!

**06.00** Смешанные единоборства. М. Холлоуэй - Д. Порье. П. Коста - Р. Копылов. UFC. Прямая трансляция из США
**08.00, 09.30, 12.50** Новости
**08.05, 12.00, 17.00, 22.45** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.35** Автоспорт. Ралли-рейд «Шелковый путь» (6+)
**09.55** Д/ф «Шмейхель» (12+)
**12.55** Футбол. Лига Pari. «Оренбург» - «Челябинск». Прямая трансляция
**14.55** Пляжный волейбол. Финал Кубка России. Женщины. Матч за 3-е место. Прямая трансляция из Санкт-Петербурга
**15.55** Пляжный волейбол. Финал Кубка России. Женщины. Финал. Прямая трансляция из Санкт-Петербурга
**17.30** Футбол. «Зенит» (Санкт-Петербург) - «Ростов» (Ростов-на-Дону). МИР Российская Премьер-Лига. Прямая трансляция
**20.00** «После футбола» с Георгием Черданцевым
**21.15** Смешанные единоборства. М. Холлоуэй - Д. Порье. П. Коста - Р. Копылов. UFC. Трансляция из США (16+)
**00.00** Пляжный волейбол. Финал Кубка России. Мужчины. Матч за 3-е место. Трансляция из Санкт-Петербурга
**00.55** Пляжный волейбол. Финал Кубка России. Мужчины. Финал. Трансляция из Санкт-Петербурга (6+)

### ОТР

**Блыщхьэ, бадзэуэгъуэм и 14**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэддджыжь» (16+)
**6.10** «КъэкIуэнур – нобэм». СурэтыщI Пащты-Хъан Алим
**6.50** «Гъуэгуанэ тхыгъэхэр». Тверь къалэ (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэддджыжь» (16+)
**7.10** «Питер тхыгъэхэр» (12+)
**7.35** Малкандуев А. 3-нэ симфоние. «Ива». Япэу къагъэлъагъуэ. Репортаж (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэддджыжь» (16+)
**8.10** «Ракурс». Янин Александр и гъэлъэгъуэныгъэ. Владикавказ къалэ (12+)
**8.30** «Бынхэмрэ адэ-анэхэмрэ»
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «МузИстория» (12+)
**17.50** «Тхылъ нэхъыбэ» (12+)
**18.10** «БлэкIам щыщ теплъэгъуэхэр»
**18.30** «Адыгэ тхыдэм къыхэщ лIыхъужьхэр». Жырыкъ Заур зыхуихьэса сурэтхэм щыщ (12+)
**18.45** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Гъубж, бадзэуэгъуэм и 15**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэддджыжь» (16+)
**6.10** «Тхылъ нэхъыбэ» (12+)
**6.25** «БлэкIам щыщ теплъэгъуэхэр» (12+)
**6.45** «Адыгэ тхыдэм къыхэщ лIыхъужьхэр». Жырыкъ Заур зыхуихьэса сурэтхэм щыщ
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэддджыжь» (16+)
**7.10** «Зэпсэлъэныгъэ». Мокаевэ Айзэ (12+)
**7.30** «ГъащIэ къущIитар IуэхуфI блэжьын папщIэщ» (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэддджыжь» (16+)
**8.10** «МузИстория» (12+)
**8.50** «Пхъуантэ телъыджэ цIыкIу». «Мы ищем кляксу». Сабийхэм папщIэ таурыхъ (6+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Макъамэм теухуа псалъэмакъ». Композитор ХьэIупэ ДжэбрIил (12+)
**17.25** «Ракурс». УрысыбзэкIэ дыкъоджэ (12+)
**17.55** «Зэманымрэ цIыхумрэ». Педагогикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор Байчекуевэ Н. (12+)
**18.30** «Хабзэр яхъумэу» (12+)
**18.45** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Бэрэжьей, бадзэуэгъуэм и 16**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэддджыжь» (16+)
**6.10** «Хабзэр яхъумэу» (12+)
**6.25** «Бзылъхугъэ сурэт». Мэржэхъу Марьянэ (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэддджыжь» (16+)
**7.10** «Хэкум и гъунапкъэхэр яхъумэу» (12+)
**7.35** «Ракурс». УрысыбзэкIэ дыкъоджэ (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэддджыжь» (16+)
**8.10** «Чемпионхэр». Урысейм боксымкIэ щIыхь зиIэ и тренер Къуэдзокъуэ Анатолэ
**8.35** «Мамырыгъэм хуэлэжьэн». ИскусствоведенэмкIэ доктор Мэлбахъуэ Борис (12+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Тула» оркестрым и концерт. Япэ Iыхьэ (12+)
**18.00** «ХъуэпсапIэм дамэ къызытригъэкIахэр» (12+)
**18.35** «Зи чэзу псалъэмакъ» (16+)
**18.45** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Махуэку, бадзэуэгъуэм и 17**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэддджыжь» (16+)
**6.10** «Зи чэзу псалъэмакъ» (16+)
**6.20** «Кавказ Ищхъэрэм шынагъуэншагъэр къыщызэзыгъэпэщ къулыкъущIапIэхэр». ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 щрикъум ирихьэлIэу конференц (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэддджыжь» (16+)
**7.10** «Къэбэрдей-Балъкъэрым и дыщэ вагъуэхэр». Совет Союзым и ЛIыхъужь Къуэныкъуей Назир (12+)
**7.25** «ХъуэпсапIэм дамэ къызытригъэкIахэр» (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэддджыжь» (16+)
**8.10** «Тула» оркестрым и концерт. Япэ Iыхьэ (12+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Тула» оркестрым и концерт. ЕтIуанэ Iыхьэ (12+)
**18.00** «Си адэм и гугъу къысхуэфщI». Совет Союзым и ЛIыхъужь Байсултанов Алим (12+)
**18.45** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Мэрем, бадзэуэгъуэм и 18**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэддджыжь» (16+)
**6.10** «Къэбэрдей-Балъкъэрым и дыщэ вагъуэхэр» (12+)
**6.20** «Си адэм и гугъу къысхуэфщI». Совет Союзым и ЛIыхъужь Байсултанов Алим (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэддджыжь» (16+)
**7.10** «Къэбэрдей-Балъкъэрым фрегъэблагъэ» (12+)
**7.15** «ЛIыхъужьхэм я зэман. Хэку зауэшхуэм и джэрпэджэж»
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэддджыжь» (16+)
**8.10** «Тула» оркестрым и концерт. ЕтIуанэ Iыхьэ (12+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Адыгэбзэм и плъыр». Кавказыдж Шагъыр Iэмин и фэеплъу екIуэкIа щIэныгъэ конференцым къратькI репортаж (12+)
**17.45** «Къэбэрдей-Балъкъэрым теухуауэ». Зумакуловэ Танзиля (12+)
**18.45** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Щэбэт, бадзэуэгъуэм и 19**

**6.00** «Тхыдэм къыхэщхэр». Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща Дэгужьей Виталий. Япэ нэтын
**6.40** «Адыгэбзэм и плъыр». Кавказыдж Шагъыр Iэмин и фэеплъу екIуэкIа щIэныгъэ конференцым къратькI репортаж
**7.20** «Урысейм и тхыдэ – ТекIуэныгъэм и тхыдэ». Литературэрэ макъамэу зэхэлъ композицэ. Япэ нэтын (12+)
**8.05** «Усэхэр зэрыт дэфтэр». Къэшэж Иннэ. Япэ нэтын (12+)
**8.20** «Телевиденэм ныбжьэгъухэр зэхуешэс» (12+)
**17.00** «Урысейм и тхыдэ – ТекIуэныгъэм и тхыдэ». Литературэрэ макъамэу зэхэлъ композицэ. ЕтIуанэ нэтын (12+)
**17.50** «ХьэщIэщ». Котляревскэ къуажэ (12+)

**Тхьэмахуэ, бадзэуэгъуэм и 20**

**6.00** «Хэкум и хъумакIуэхэр». Урысейм и лIыхъужь Тэмазэ Тимур
**6.40** «Усэхэр зэрыт дэфтэр». Къэшэж Иннэ. ЕтIуанэ нэтын
**6.55** «IэпщIэлъапщIэ». Телевизионнэ фильм. РАХ-м и академик, УФ-м щIыхь зиIэ и сурэтыщI, КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI СэвкIуий Хьэмид
**7.45** «Тхыдэм къыхэщхэр». Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща Дэгужьей Виталий. ЕтIуанэ нэтын
**8.25** «Шынагъуэншэ гъуэгу» (12+)
**17.00** «Страна улыбок». Сабийхэм папщIэ нэтын (6+)
**17.30** «Зэманым екIуу». Тележурнал
**18.00** «Гергоковхэ я лъэпкъыр»
**18.30** «Республикэ: тхьэмахуэ зэхуаку хъыбархэр» (16+)

# Гупсысэм хэлъ дыщэ кIанэхэр къэзыщып

***«Тхылъыр зи Iэпэгъум сыту и насып», – жиIэгъат адыгэ ефэндышхуэ Мэршэнкъул Зэчий, адыгэ узэщIакIуэ Куп Хьэжы-Исмел абы деж кIуэуэ итха «Жьыу» усэмрэ Бахъсэн Iэдэб гупым къыдигъэкI «Адыгэ макъ» газетым ит хъыбархэмрэ къыщыхуеджам щыгъуэ. «Ар сыт хуэдэ насып?» – жиIэри Хьэжы-Исмелыр щIэупщIэжат.***

***Мэршэнкъулыр дунейм къызэрытехьэрэ и нэм нэху щIэмыпсауэ нэфт, псори къызэреджэри Зэчий-нэфт. Ауэ ар апхуэдизкIэ гурыхуэти, щэху дыдэу макъкIэ КъурIэн еджэ и анэм зэгуэрым елъэIупат, ар къригъэщIэну. Быным зи гур хупих анэм ар хуэгъэщIэхъуакъым, махуэм зы сыхьэт хухихыурэ КъурIэн макъкIэ къыхуеджащ. МакъкIэ къызыхуеджам зэ закъуэ фIэкIа къытрыримыгъэзэжу, Зэчий КъурIэныр гукIэ зригъэщIат, дунейм тетыхуи игъэтIылъакъым. Ар къэгъэнауэ, иужькIэ хьэрыпыбзэри зригъащIэри, КъурIэным къикIыр адыгэбзэкIэ цIыхухэм ягуригъаIуэу дунейм тетащ. Тхылъым и пIалъэр фIы дыдэу зыхэзыщIа Зэчий Куп-ефэндыжьым жриIащ: «Махуэм къриубыдэу гур хэзыгъахъуэуи гур хэзыгъэщIуи цIыхум илъагъур куэд дыдэ мэхъу. Гур елыпщI, IэпапIэ къытримынэу. Псалъэ шэщIам фIэкIа абы хущхъуэгъуэ хуэхъун щыIэкъым. Тхылъым къищынэмыщIауэ, дэнэ псалъэ шэщIа къыздипхынур, Хьэжы-Исмел? Плъагъурэ, уи «Жьыум» си нэпсыр къыщIихуащ, аракъэтIэ насып жыхуаIэжыр, псэр лъэIэсам иузэщIамэ, къабзэ ищIыжамэ?..»***

*НэхъыжьытIым зэIэпаха псалъэрат сигу къэкIыжар къыздеджа, нобэми ныбжьэгъуфIу сиIэ Шэмпархэ япхъу, БатIхэ я нысэ Мадинэ и цIэр дахэкIэ къэзыгъэIу хъыбарыр къыщыслъэIэсам. Урысейм и щIыпIэ зэхуэмыдэхэм щIэх-щIэхыурэ щокIуэкI тхылъыр зыфIэфIхэмрэ ар зи лэжьыгъэм хэтхэмрэ я зэхьэзэхуэхэр. Апхуэдэщ, псалъэм и хьэтыркIэ, «Унагъуэ тхылъ», «Тхылъыр си ныбжьэгъущ», «Тхылъ тедзапIэ нэхъыфI», «Библиотекэ нэхъыфI» зэпеуэхэр. Илъэс зытIущ хъуауэ къэралым щокIуэкI «ЕджапIэ нэхъыщхьэхэм я библиотекэ лэжьакIуэ нэхъыфI» зэхьэзэхуэр. Абы и къызэгъэпэщыкIэри и егъэкIуэкIыкIэри гъэщIэгъуэн къысщыхъуу сыкIэлъыплъырт, сыту жыпIэмэ къызэщIиубыдэ Iуэхугъуэхэр къызэрыгуэкIтэкъым, тхылъымпIэугъуейуэ щыттэкъым, атIэ нэгъэсауэ IэнатIэм пэрытхэм щIэныгъэ зэтес яриту, есэныгъэ хэхахэм щигъэгъуазэу зы жэрдэм щIагъуэт. Си нэ къыхуикIырт библиотекэ IэнатIэм зыужьыныгъэфI езытыну а зэпеуэм адыгэ хэгъэгухэм ит университетхэм я библиотекэхэр хэтыну, зы адыгэ и цIэ къыщраIуэну. ХъуэпсапIэхэр нахуэ хъуат иджыблагъэ екIуэкIа «Библиотекэм и лэжьакIуэ нэхъыфI дыдэ» зэпеуэм и япэ Iыхьэм ди лъэпкъэгъу бзылъхугъэ цIыкIур къыщыхэжаныкIам.*

*КъБКъУ-м и адыгэбзэ къудамэр тхылъ плъыжькIэ къэзыуха Шэмпар-БатI Мадинэ еджапIэм и библиотекэм лэжьэн зэрыщыщIидзэрэ зригъэгъуэта щIэныгъэр лэжьыгъэм хилъхьэу, щIэщыгъуэхэмкIэ игъэщIэращIэу, цIыхухэр къезышалIэ жэрдэмхэмкIэ игъэнщIу мэлажьэ. Мадинэ дунейпсо зэпеуэм и япэ Iыхьэм зэрыпхыкIар щызэхэтхам, хуабжьу дыщыгуфIыкIащ. Ауэ ар хьэлэмэти хуэдэтэкъым – гуращэ зыхуэзыгъэувыж, абы ерыщу хуэкIуэ, зэрыкIуэ гъуэгум щIэныгъэу телъыр зэхуэзыхьэсыф Мадинэ ар къехъулIэн хуей хуэдэт. ИщхьэкIэ зи цIэ къыщитIуа нэхъыжьыфIым зэрыжиIам хуэдэу, Мадини тхылъыр зи Iэпэгъур насыпыфIэу къелъытэ. Тхам апхуэдэ пщIэрэ лъытэныгъэрэ езытым зэпеуэм къигъэув Iуэхугъуэхэр хьэлъэми, псынщIэ щещI ар зэригъафIэм, зэригъэиным. Дэри ди гуапэу «Адыгэ псалъэ» газетым и хьэщIэщым къедгъэблэгъащ Мадинэ, зэпеуэм, IэнатIэм, гъащIэм теухуауэ иIэ гупсысэхэмкIэ къыддэгуэшэну.*

**– Мадинэ, «Библиотекэм и лэжьакIуэ нэхъыфI дыдэ» цIэр щызрагъэгъуэт дунейпсо зэпеуэм и япэ Iыхьэм укъызэрыщыхэжаныкIар щызэхэпхым, сыт уи гум щыхъар? Дауэ а хъыбарыр уи Iыхьлыхэмрэ ныбжьэгъухэмрэ къазэрыщыхъуар?**

– Хъыбарыр къыщысIэрыхьэм, си гуапэ хъуат, жысIэмэ пцIы супсыну къыщIэкIынкъым, Мурат. Дамэ къыстекIам хуэдэт. Си фIэщ мыхъуу зыбжанэрэ сеплъыжащ. Абыи щхьэусыгъуэ иIэщ: си лэжьэгъухэм я гъусэу ипэкIэ дызыхэта зэпеуэхэм апхуэдэ увыпIэ лъагэ зэи къыщытхуагъэфэщатэкъым, зэхьэзэхуэхэм нэхъыбэу пэрыт щыхъур, нэхъ къыхагъэщыр Курыт Урысейм и еджапIэ нэхъыщхьэхэм я лэжьакIуэхэрат. Библиотекэ лэжьакIуэхэм папщIэ къэралым щызэхашэ зэхьэзэхуэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщ зым ди зэфIэкIыр къызэрыщалъытам, нэхъыфIхэм дызэрыхабжам мыхьэнэшхуэ си щхьэкIэ изот. Дызыпэрыт IэнатIэм зегъэужьын, абы хэлъ фIагъ псори къэIэтын зэрыхуейм зэпеуэм дыкъызэрыщыхэжаныкIам дригъэгупсысащ, абдеж куэд дыдэ къызэрыщыдэхъулIэнури ди фIэщ ищIащ.

Пэжу жысIэнщи, зэпеуэм и япэ Iыхьэм щыдгъэзэщIа лэжьыгъэр тынштэкъым. Ар гугъу къытщызыщIыр зэхэгъэувэн хуей Iуэхугъуэхэм я куэдагъырт. Псалъэм папщIэ, зэпеуэм зэпкърыхыпхъэу къигъэув Iуэхухэм ящыщт «Университет тхылъ» («Университетская книга»), «Либинформ», «УнафэщIыр мэпсалъэ» («Ректор говорит») фIэщыгъэхэр зыгъуэтахэр. Зэхьэзэхуэ Iыхьэхэм хэбгъэхьэ хъуну иужьрей илъэситхум къриубыдэу къытрадза тхыгъэхэр псори е къанэ щIагъуэ щымыIэу щIэджыкIыжын икIи къызэщIэкъуэжын хуейт. Абыхэм уахэмыплъауэ, щыгъуазэ захуумыщIауэ, зэпеуэм къигъэув упщIэхэм жэуап пхуетынутэкъым. Сэ, Мурат, зэрыпщIэщи, еджэныр сфIэфIщ ар икIи щхьэпэ къыщысхуэхъуащ мыбдеж.

Си лъэр щIэзыгъэкIа хъыбарыр зэхэзыхауэ е зылъэгъуауэ псалъэ гуапэкIэ зыкъысхуэзыгъэзахэр мащIэкъым. Iыхьлы-благъэхэм, лэжьэгъухэм, ныбжьэгъухэм, университет егъэджакIуэхэм, къыздеджахэм, езгъэджахэм къадэкIуэу, фIыщIэ лей яхуэсщIыну сыхуейщ Башиевэ Светланэрэ Михайленкэ Ольгэрэ. ЕджапIэр къэзухыу лэжьэн щыщIэздза япэ махуэхэм къыщегъэжьауэ нобэр къыздэсми я нэIэ къыстетщ, ахэр щапхъэ, гъуэгугъэлъагъуэ схуохъу.

**– Зэпеуэм ухэтыну сыт утезыгъэгушхуар?**

– Къыдэлажьэхэм я цIэр фIыкIэ къэIумэ, утыку ихьэрэ екIуу зыщагъэлъагъуэмэ, зэпеуэхэм хыхьэрэ къыщыхэжаныкIмэ фIэфIу, КъБКъУ-м и библиотекэм и унафэщIу мэлажьэ Гериевэ Аймани. Аращ зэпеуэм сыхыхьэну сытезыгъэгушхуар. Пэжыр жысIэнщи, мы илъэсым екIуэкIыну зэпеуэм си щIэныгъэмрэ зэфIэкIхэмрэ щызгъэлъэгъуэну пщэрылъ къыщысщищIым, мащIэу зысхъунщIат. АрщхьэкIэ гуапагъ зыхэлъ и псалъэхэм сагъэгушхуащ. «ПфIэгъэщIэгъуэнкъэ уи IэщIагъэм теухуауэ дунейм щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэр зэбгъэщIэну, ухуейкъэ ди лэжьыгъэр нэхъри зэредгъэфIакIуэ хъуну Iэмалхэм щыгъуазэ зыпщIыну, уи къэухьым зебгъэужьыну?» – жиIэу зыкъыщысхуигъазэм, сызыщIэгупсысыжащ икIи сытегушхуащ. Апхуэдэщ ди унафэщIыр – пэжыгъэмрэ захуагъэмрэ зи Iэпэгъу цIыху гуащIафIэщ, чэнджэщэгъуфIщ, лэжьыгъэм и мызакъуэу, цIыхухэри ефIэкIуэныр къыхэзыхщ.

**– Мадинэ, зэ жыпIэу зэхэсхащ: узыщыщ лъэпкъым и бзэмрэ щэнхабзэмрэ фIыуэ умылъагъуу, цIыхухэми уахэтыфынукъым, уи лэжьыгъэми уи гур пхуетынукъым. Уи IэнатIэм теухуауэ дауэ къыпхуэщхьэпэрэ а гупсысэкIэр?**

Ди псэлъэгъухэр



- Апхуэдэ си еплъыкIэм ноби зихъуэжакъым, Мурат. Плъагъурэ ар зэрыщытыр, зи адэ-анэм пщIэ яхуэзымыщIым ахэр згъэулъиинущ жиIэнукъым, зи бзэмрэ щэнхабзэмрэ зымылъытэм сыкъызыхэкIа лъэпкъыр згъэжэкъуэнущ жиIэнукъым. Лъэпкъым и дахагъэ псори анэ быдзышэм и гъусэу зыщIешэ сабийми, нэхъ балигъ хъухукIэ, и къэухьым зиужьыхукIэ, махуэ къэси а зыщIишар къигъэсэбэпурэ гъащIэ гъуэгум ирокIуэ. АдэкIэ Iеймрэ фIымрэ зэхигъэкIыф мэхъу, цIыху хыхьэкIэхэтыкIэм зыхуегъасэ. А дэкIуеипIэ псори къызэринэкIауэ лэжьыгъэ IэнатIэ щыпэрыувэм и дежщ къыщынахуэр цIыхум хэлъ щэнри, и Iуэху зехьэкIэ хъунури. Зи щхьэ пщIэ хуэзымыщIыжым нэгъуэщIми пщIэ хуищIынукъым – абы лъахъшэ ирихъур езы цIыхурщ.

**- Уи цIыху щIыкIэм, уи дуней еплъыкIэм сыт къыхилъхьа уи лэжьыгъэм? Сыт хуэдэ есэныгъэра уэркIэ нэхъ лъапIэр?**

– УкъызыщIэупщIам тыншу жэуап пхуетын хуэдэт, ауэ ар сыту гугъу... Сэ сфIэфIщ цIыхухэм садэлэжьэну, жысIэнщ. Апхуэдиз еджакIуэмрэ егъэджакIуэмрэ щызэблэкI ди IуэхущIапIэм апхуэмыдэу ущылэжьэфынукъым. Хуабжьу гуапэ сщохъу, лэжьыгъэ къудейкIэ мыхъуу, фIэхъус къызатыну, сыкъалъагъуну, къысщIэупщIэну си деж къыщыщIыхьэм деж. Гуапагъэм дахагъэ къешэ, абы шэч хэлъкъым. Библиотекэм сызэрыщылажьэрэ цIыху психологиер нэхъ къызгурыIуэ, ар нэхъыфIу зэхэсщIыкI зэрыхъуар си дежкIэ лъапIэ дыдэщ. Махуэм къриубыдэу цIыху дапщэ къыщIыхьэрэ сыщылажьэ къудамэм?! Псоми бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ къахуэбгъуэтыфу ущытын хуейщ. Ар еджапIэм хуэдэщ езыр – махуэщIэ къэс щIэщыгъуэ гуэр къыбощIэ.

**- ЦIыхухэр тхылъ емыджэжу жаIэу зэхэпхынущ. Уэ сыт хуэдэ бгъэдыхьэкIэ а Iуэхум хууиIэр?**

– Хьэуэ, цIыхухэр тхылъ емыджэжу схужыIэнукъым, ауэ зэджэр сыт жыпIэмэ, мис а упщIэм и жэуапыр нэхъ гъэщIэгъуэнщ. Иджырей щIалэгъуалэр, ахэращ нэхъыбэу сызыдэлажьэри, фэнтези икIи фантастикэ жанрхэм ит литературэ тхыгъэхэм нэхъ дехьэх, цIыху психологием теухуа тхыгъэхэм нэхъ къыщIэупщIэу щытщ. МыдэкIэ классикэ е лъэпкъ тхыдэр къызыхэщыж тхыгъэхэр къэзыщтэри мащIэкъым. Нобэрей щIэблэм я гупсысэкIэр нэгъуэщIщ. Ар технологиещIэхэр щытепщэ лIэщIыгъуэм зэрыхэпсэукIым и нэщэнэу къэплъытэ хъунущ. Дэ ди къалэн нэхъыщхьэр абыхэм щIэгъэкъуэн дахуэхъунырщ.

**– Уэ къокIуалIэ тхылъеджэхэр сыт хуэдэ? Сыт яхужыпIэнт?**

– Сэ сыщылажьэр КъБКъУ-м и колледжхэм щеджэ студентхэм яхухэха къудамэрщ. Колледж еджакIуэхэм я нэхъыбэм ебгъуанэ классыр къауха къудейуэ къыщIотIысхьэ. Я ныбжьыр илъэс 14-15 фIэкIа иримыкъуами, абыхэм зыIыгъыкIэ дахэ яIэщ, псэлъэкIэ ящIэ, пщIэ-нэмыс яхэлъщ. Зыхуеджэну къыхаха IэщIагъэм и мызакъуэу тхыдэм, литературэм, компьютер технологиехэм, психологием, щэнгъасэм, нэгъуэщIхэми ехьэлIа тхылъхэм къыщIоупщIэ, ахэр яджэ. Си гуапэ мэхъу апхуэдэ щIэблэ къызэрытщIэхъуэр.

**- Иджырей библиотекэр сыт хуэдэу щытын хуей, абы цIыхухэр къекIуэлIэн папщIэ?**

- ЕджапIэ нэхъыщхьэхэм хэт библиотекэр гъащIэм къигъэув жыпхъэхэм иту щытыпхъэщ, къекIуалIэ цIыхухэм я бжыгъэм кIэрымыхун папщIэ. Дэ дыщеджэм щыгъуэ тхылъ тхуримыкъуамэ, а щыIэр зэIэпытхыурэ зыдгъэхьэзыру щытащ. Иджы а Iуэхур нэхъ тынш ящIащ электрон жыпхъэм ирагъэувэ тхылъ лIэужьыгъуэхэм. Мы зи гугъу сщIы тхылъхэр къэбгъэсэбэпын щхьэкIэ, библиотекэр электрон-тхылъэщ системэ (ЭБС) зэхуэмыдэхэм япыщIауэ щытыпхъэщ. Ар зы лъэныкъуэкIэ. НэгъуэщI лъэныкъуэкIэ Iуэхум укъыбгъэдыхьэмэ, библиотекэм къекIуалIэхэм папщIэ зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэр, пшыхь зэхуэмыдэхэр, клуб зэхуэсхэр щрагъэкIуэкI пэш хэха иIэн хуейщ. ЦIыхум езым хуэдэ цIыху къелъыхъуэ. Уэршэрым, щIэнIуатэм, щIэныгъэ зэхэсым щIэ къэзылъыхъуэ цIыхум куэд къыщещIэ, къыщегъуэт. Библиотекэм а лэжьэкIэр къиищтэн хуейщ Iэмалыншэу. Апхуэдэуи, еджапIэм хэт библиотекэм егъэджэныгъэм и пщэрылъ зыбжани къиищтапхъэщ, ныбжьыщIэхэр игъэгъуазэу, щыIэр къариту, зыщIэупщIэм и жэуапхэр къахуэзэригъэпэщу. Мис а псор зэпыщIа хъумэ, библиотекэм щекIуэкI лэжьыгъэри зэтеувэнущ, гъащIэми лъэ быдэкIэ хэтынущ.

**- Уи IэщIагъэр къэкIуэну зэманхэм сыт хуэдэу уи нэгу къыщIэувэрэ?**

– «Библиотекэ кIуэ щыIэж иджы» жаIэу иужьрей зэманым урохьэлIэ. ЩыIэщ! Тхылъ фIыуэ зылъагъухэр сыт щыгъуи щыIэнущ. Ахэр щыIэху библиотекэхэри лэжьэнущ.

**- ФIыуэ плъагъу тхылъыр сыт хуэдэ, Мадинэ, сыт абы тхылъеджэм къыхихыфыну къыпщыхъур?**

– Сызыщыщ лъэпкъым и литературэ хъугъуэфIыгъуэхэм япэ изгъэщ щыIэкъым. Пэжщ, абдеж укъыщыувыIэ хъунукъым, ауэ лъэпкъ литературэм и фIыпIэр зыхуэдэр къыумыщIауэ, гупсысэм и дыщэ кIанэу дунейпсо литературэм хэлъхэри къыхэбубыдыкIыфынукъым. КIыщокъуэ Алим и «Лъапсэ» романыр сэркIэ лъапIэщ. Мы тхыгъэм си дежкIэ ефIэкIын иджыри срихьэлIакъым. Седжащ нэгъуэщI художественнэ тхыгъэ куэди – тхылъыр сыт щыгъуи си Iэпэгъущ. Ауэ «Лъапсэр» апхуэдизкIэ гъэнщIащ философие куукIи, пхуэмыIуэтэщIын хуэдизщ. Сыт хуэдэ лъэпкъми и дыгъуасэр, и нобэр, и пщэдейр бзылъхугъэм епхауэ зэрыщытыр наIуэ щыщIа, блэкIар пщымыгъупщэу щапхъэ пщIырэ, къэкIуэнум хуэхьэзыру, хуэфащэу упежьэным хуэгъэпса тхыгъэщ «Лъапсэ» романыр. Абы «сыадыгэщ» жызыIэ дэтхэнэри еджэну къыхузоджэ.

**- Мадинэ, фIыщIэ пхузощI зэман тхухэпхыу укъызэрыдэпсэлъылIам папщIэ. ДяпэкIи лэжьыгъэшхуэ къыфпэщылъщ, ар къывэхъулIэну, фызыхуей псоми фи Iэ техуэну си гуапэщ.**

– Тхьэм уигъэпсэу, Мурат! «Адыгэ псалъэ» газетыр лъэпкъым и фIыгъуэшхуэщ, абы дифIрэ ди дахэу къитIэщIымрэ утыку кърилъхьэмрэ куэд дыдэ мэхъу. Зи цIэ тщIэн хуей куэдым дащегъэгъуазэ, кууэ зыхэтщIыкIын хуей тхыдэ хъугъэщIагъэхэм гъунэгъу дахуещI. «Адыгэ псалъэр» щIэнгъуазэщ, зиужьу куэдрэ щыIэну си гуапэщ.

*Тхыгъэри сурэтри*
**ТАБЫЩ Мурат** *ейщ.*



# «Уэ хэди, псэм фIэфIыр къыхэх»...

* * *

Чыщбалъкъ и Iуфэр си сабиигъуэщ,
Си сабиигъуэщ бгыху.
Дыгъэм игъафIэ сэтэней губгъуэр
ЖэщкIэ иджы си пщIыхьщ.

Уафэр я гъуэгуу лъэтэж кърухэм,
Псыхъуэм къыдыхьэ шы гуартэм,
Уэрэд жызыIэ гъэмахуэ бзухэм
Си сабиигъуэр яIуатэ.

Си анэр зэуэ адыгэ пшынэр
Си сабиигъуэ макъамэщ.
Бгы лъапэм щIэжу къэзгъуэта псынэм
Иджы соIубыж, схуэлIауэ.

Дэшхуей жыгыжьым ищIа хъыринэм
ЙощIэр си сабиигъуэр.
А къэзыжыхьурэ джэла гъыринэм
Си гур иджы хуэмыгъуэщ.

*24.03.2019.*

## Анэ

Гупсысэм сыщищIым гуитIщхьитI,
Си ужь къыщиувэм псалъитI,
Си анэм и макъ зэхызох:
«Уэ хэди, псэм фIэфIыр къыхэх».

КъитIысхьэмэ уафэм мазэщIэ,
Уафэгум вагъуэбэ щыхьэщIэм,
«Мы жэщым фIы гуэркIэ елъэIу», -
КъызжеIэ, нур иту и нэкIу.

Зэгуэр сытоувэри гъуэгу,
Ар хэплъэу къысфIэщIрэ тIэкIу...
«Псэм и пэ уи напэр ирещ» ...
Гъуэгу гъусэу къызетыр чэнджэщ.

Мы гъащIэм щIэх дищIми балигъ,
Дэ анэм и псалъэм диIыгъщ.
ТхьэлъэIуу и макъ къытщхьэщытщ,
Аращ дызыщIыжыр псэхуит.

*3.05.2018.*

* * *

Бжьыхьэ уафэр гупсысэ хьэсэщ.
Хозэрыхьри абы илъэсыр,
И бзэгупэм уи цIэр пымыкI.

ГукъэкIыжыр жэщым щIегъэстыр.
Сынежьэжми уи лъахэм лъэсу,
Услъагъунуи си гум къэмыкI.

Тхьэмпэ плъыжьхэр зэхузохьэсыр,
Языхэзми гухэлъ лъызгъэсу.
Уафэ хьэсэм сыпходэIукI...

Гъунэгъу дадэм тхьэмпэ егъэсыр.
ГукъэкIыжым къыщыщI мафIэсым
ЩIэщэщ дэпым гур кърэсыкI.

*4.10.2018.*

* * *

Уэ усэ уохъури уожьэж,
Епхьэжьэу си щIымахуэ пшыхьхэр.
Сэ махуэ къэс сащыIуощIэж
Мы си пэш нэщIым
«дыгъуэпшыхьхэм».

Уэ усэ уохъури, уожьэж,
Си гъатхи укъимыгъэувыIэу.
Уи ужь къинэжыр сыту пэж!
Абдежщ лъэужьу дыздэщыIэр!

Гъэмахуэр уохьри, уожьэж,
Гъэгъа стIолыщхьэм къытумынэу.
ИтIани бзухэм сапохьэж,
Къагъэпсэлъэжу зэрыунэу.

УхокIри бжьыхьэм, усфIожьэж,
Уэ гукъэкIыж ухъун упIащIэу.
Уэшх гуэрри бжьыхьэм къыхогъэж,
Зэману лъыбгъэсар фIэмащIэу...

Уэ усэ уохъури уожьэж,
Зэрыдунейуэ къэбгъэпсалъэу,
Сигу хьэсэм жылэу утелъалъэу,
Си гукъэкIыжхэм къыщIэбгъалъэу,
Къысхуумыгъанэу зыри пIалъэ,
Гупсысэм нэкIур зэригъалъэу...
Уэ усэ уохъури, уожьэж.

*20.11.2018.*

* * *

Уи сурэт закъуэр къызощтэжри,
НэгъуэщI дуней сыхобзэхэж,
НэгъуэщI хьэуа сыхоIубэж.
Уи сурэт закъуэр къызощтэжри,
НэгъуэщI щIымахуэ сытохьэж,
НэгъуэщI зыгуэрым сыхуопэж.
НэгъуэщI уэрэд, нэгъуэщI макъамэ,
НэгъуэщI уэрам, сымыцIыхуауэ,
НэгъуэщI унэбжэ, гъэбыдауэ,
ИгъащIэм зыми Iуимыхауэ.
БжэщхьэIум си лъэр къытенауэ,
Зы гъуджэ гуэр срагъэплъауэ,
Къищар сэрауэ-сэрмырауэ,
Зыгуэрым и Iэр къишияуэ...
Ауэ...
Уи сурэт закъуэр къызощтэжри,
Зэрыдунейуэ къыслъохьэж,
НэгъуэщIу хъуари мэлъэлъэж,
НэгъуэщIу хъуари мэбзэхыж,
НэгъуэщI щIымахуэр Iурехыж,
Уи деж гупсысэм сынехьыж.

*25.01.2019.*

* * *

Дыщэ хъарыр къызэпхъухи,
Къызбгъэдэс ныщхьэбэ...
Уафэм пшэплъыр ирекъухри,
ЩIы диям тоIэбэ.

Хьэцыбанэ мыщIэ плъыжьыр
ХокIуэсэжыр жэщым.
Махуэм банэу къыхичыжыр
Йощэщэж и куэщIым.

Уафэм пщIыхьу щызэхалъхьэм
ЩIожеикIыр къуажэр.
Си щхьэцыгъуэм Iэ къыдилъэу,
Бжьыхьэм срешажьэ.

Вагъуэ быным сызэхахри,
Уафэм щызэщIоблэ...
Тхьэмпэ хъарыр къызэпхъухи,
Къызбгъэдэс ныщхьэбэ.

*23.09.2019.*

## Уи уэрамым

Уи уэрамым иджы сыщогъуащэ,
Уи уэрамым иджы сыщокIуэд.
Пкъо уэздыгъэм иутхыпщI
нэху мащIэм
Еукъуэдиижыр уи уэрэд.

Уэшхым IэплIэ защIэу зызошэкIыр,
ТкIуэпсхэри си лъэгу щызогъэджэгу.
Мы уэрамыр уэшхым къозэвэкIыр,
КъыщызэпырыкIкIэ уафэ гъуэгу.

Уэ, зэман, зыщIыпIи умыпIащIэ,
Мы уэшх хуабэр си плIэм томылъэф.
Мы уэрамым сыдэтащ игъащIэм,
ЖэщкIэ сыщеIубу хьэуа IэфI.

Мы уэрамым умылъыхъуэ и кIэм,
Уэшхыр си гум щызу сытегъэт.
Пкъо уэздыгъэм хэкIэзызэр уи цIэрщ,
Уэшхым щыкIэрахъуэр уи сурэтщ.

*22.03.2020.*

* * *

Къызэщыури, уэсэпс еIубауэ,
ЩIыуэпсым зеукъуэдий.
Нэхущ жейбащхъуэм пшэплъым
хуищI бахэр
Ещтэжыр дыгъэ лъэдийм.

Зеукъэбзыпэри, хуиту мэбауэ,
Жьыбгъэр щоджэгу и джийм.
Къэрабэ хужьхэр жьым къищыпауэ,
Уэгу къэхъуэпсам хуеший.

Мес, псыIэрышэр
бгышхуэм йопсалъэ,
ГуфIэурэ йошкIурэх.
Вагъуэхэм уэгум щызэрат пIалъэм
Уащхъуэр щоумэзэх.

*14.04.2020.*

**ГУГЪУЭТ Заремэ и усэщIэхэр**

## Гущэкъу

Зэгуэр, гъатхэкуу, тхурабзат гущэкъу,
Дыкъытемыхьэ щIыкIэ мы дунейм.
Пщэдджыжьу дыгъэр къиплъэри
ди нэIу,
Ди Iэгум трипхъат лэдэх щыкъуей...

Сэ гъатхэ къэс си Iэгур соIуэтыж,
Пщэдджыжь къэсыхуи дыгъэ
тызогъапсэ.
Уи Iэгу лэдэххэм ещхь сымыгъуэтыж,
ГущапIэм къыхэсхауэ, лэдэх кIапсэ...

Аргуэру гъатхэщ. Гъатхэ укIытэхщ.
НысащIэ джанэщ щIылъэм
зыщитIагъэр.
Нэхущым гъатхэ дыгъэм сыIуплъэху,
Уи псалъэ жылэ си гум
къыщогъагъэ.

*5.05.2020.*

## Тенджызым еIуатэ

Гупсысэр тенджызым хокIуатэ,
Мы си гур жьы щIыIэм епхъуатэ.
Мы си гур толъкъуным хокIуадэ,
Толъкъуным гуузыр еIуатэ.

Ужьыхырт си лъэпкъым и жьэгур,
Хуишийуэрэ уафэм и Iэгур,
Ибгынэрт... Ибгынэрт и Хэкур,
Лъы уэрым ириIэу и гъуэгур.

И гуауэм си лъэпкъыр ихьыжырт,
И быныр и куэщI щыдиижу.
И хьэдэр абы хуэмыбжыжу,
Лъэмыжу къиувэрт и ужьым...

И быныр къыщалъхур хамэщIым,
ПэIэщIэу ар Хэкум и куэщIым.
И уафэр, и щIылъэр нэгъуэщIу,
ХамэщIыр къыпежьэу IэнэщIу.

Щокъугъыр мы жьыбгъэр
тенджызым,
ЗыхищIэу толъкъуным и гызыр.
Мы си нэхэр уэгум щоплъызыр,
Тенджызым мы си гур щоузыр.

*20.03.2020.*

## Уэшх лъэужь

Сэ сынырокIуэжыр уэшх лъэужьым,
Уафэм зэпырыздзу лэгъупыкъу.
ЩIылъэр гъэмахуэпэм къыщоушыр,
Удзыр щыуфафэу и гущIыIу.
Сэ сыныIуотIысхьэ гъэмахуэпэм,
Къыпхуизгъахъуэу псынэпс
щIыIэмыл.
Къытеуви къаплъэ гухэлъ бжьэпэм,
Псынэпс щIыфэр дыгъэм егъэкIыл.
Уэ си гъэмахуэпэм упэжыжьэщ,
Пхуэзубгъуами удз гъэгъа щыкI
гъуэгу.
Уэ укъытоувэ уэшх лъэужьми,
Лэгъупыкъур къыболъхьэж
си Iэгу.

*5.06.2020.*

## ПцIыщ

ПцIыщ. ГъащIэ ныкъуэр пцIыщ.
Къыщежьар мо си гъуэгур
сщIэжкъым.
Сыпсэуауи, сылIэнуи щIы,
КIэкхъур щIэпчри - сыщыIэжкъым.
СыщыIэжкъым уи дежи, щIы гъуни,
Укъызэплъурэ, сохъу нэкъыфIэщI.
Си кIэ гуэрым къихуа щIыIу нэгъунэ
ЗэщIэскъуэжу сыпIэщIощэщ.
Уэ уосэж, уэ уосэж нэкъыфIэщIым,
Махуэ къэскIэ хущIэпчу зы кIэкхъу.
Пщэдджыжь къэс ухохуэж
махуэ нэщIым,
Зэхэпх хуэдэурэ си псалъэмакъ.

*6.08.2020.*

* * *

Иджы сыкъицIыхужкъым
си щIалэгъуэм,
Iэдакъэжьауэ ищIыжауэ къоплъэ.
Мы си гур къезыгъауэу
щыта плъэгъуэр
Мес адэ жыжьэу...
НэгъуэщI гуэр къытолIэ.
Гухэлъ егъэудэIу щIалэгъуэ лъахэм,
Зэратыр пIалъэ е уэрэд щаус.
Зыгуэрым хуехь гъэгъа Iэрамэ дахэм,
Зыгуэр къихьэну гъатхэм йогупсыс.

Иджы соукъуэдий дзапэ уэрэду
ЩIалэгъуэм и макъамэу къесхьэжьар.
Уэрэдым гухэлъ налъэу уэ ухэту...
Дыгъуасэ хуэдэт... Сыту куэд дэкIа...

Иджы сыкъицIыхужкъым
си щIалэгъуэм,
Щохъужыр ар си деж дзапэ уэрэд.
Солъыхъуэ сыщIэпсэууэ
щыта плъэгъуэм,
ЩIэстхыкIыу си щIалэгъуэм и сурэт.

*9.08.2020.*

* * *

Сэ сощIыр уи гур тхьэлъэIупIэ,
Аращ мы щIылъэм щынэхъ къабзэр.
Абы сришэурэ укIыпIэ,
КъысIуегъэкIэж си адэжьхэм я псэ...

Сэ сощIыр уи гур тхьэлъэIупIэ,
И плъыфэр уи нэхэм щыслъагъуу.
Гупсысэм сехьри зыщIыпIэ,
Ар зыхащIауэ тхьэхэр магъыр...

Сэ сощIыр уи гур тхьэлъэIупIэ,
Уи пащхьэ ситмэ, уи Iэгу сиплъэу.
Уи цIэр толъэтри си Iупэм,
СыкIэлъэопхъуэж итIани, си Тхьэ!

*29.07.2021.*

* * *

ЗэрымыщIэкIэ дызэрыщIэрт,
Уи гум жиIэхэр гукIэ сщIэрт.
Зызухыжти, гухэлъ къысщыщIырт,
Си гум уи нэхэр щызэщIэстт.

ЗэрымыщIэкIэ сцIыхут уи гъащIэр,
ЖыпIэ мащIэр си гъащIэм хэзт.
Дунеишхуэр тIууащIэт, щащIэт,
СыIутIысхьэрти уи нэм и нэз.

Къытебгъазэурэ си цIэр жыIэ,
Къытебгъазэурэ сигу щыпсэу.
ЗэрымыщIэкIэ... кхъыIэ... кхъыIэ...
Си цIэр жыIи дунейр къэзэу.

*10.08.2021.*

* * *

ПцIыщ, сэ бжьыхьэ
жэщу сыкъалъхуакъым,
Бжьыхьэм и псэр
къысIукIакъым - пцIыщ.
Пщэдджыжьыпэм и
нэр къэпщIырт сакъыу,
ГъадэщIыдэу къэсщIэжам сыщыщт.

Хьэкум щызэщIэстырт гуарцэ мафIэ,
Уэгум вагъуэ минхэр щыкIэзызт.
Уд къысфIащырт - си нэр удзыфафэт,
СымыцIыху си анэшхуэм сриныбжьт...

Сэ къысIукIэрт си адэжьхэм я псэр,
СыIэнкуну я нэ кугъуэм ситт.
Си гур мы дунейм и адэжь лъапсэт,
КъауIам тхьэлъэIуу ящхьэщытт.

ПцIыщ, мы сыщыпсэур
си зэманкъым,
Къызобжыжыр ену илъэс щитI.
Уэ зэтелът иджыри уи шы-уанэр,
Угупсысэу жыхафэгум уитт...

Си псэм къыщIэпIукIырт
шы лъэ макъыр,
КъамэкIэ дамыгъэхэр тепщIэжт.
ШыплIэм укъеплъыхт:
«Зэманыр макIуэ» ...
Сэ екIуэлIэжыгъуэмкIэ згъэзэжт...

*16.10.2021.*

* * *

Сигу узолъхьэри, сесыр щIыIэм,
ЩIыIэм сисурэ, псэ къысIуокIэ.
Уае щыхъукIэрэ, мылыр гъуджэу,
Уи цIэ щэхум къуэпскIэ сыхокIэ.

Хьэуа щIыIэр щIызокIэр нэкIум,
Нэм щIалэгъуэр къыщIоукIуриикI.
Щыгъэу зблэри ислъхьащ си Iэгум
ГукъэкIыжхэри, къыпызобжыкI.

Си гу лъащIэм укъыщыузу,
ГукъэкIыжым сыхокIэзызэ.
Уэсыр къесрэ, мазэр изу,
Жэщ мыжейм пэрызодзэ усэ.

*9.02.2022.*




● КъэкIыгъэхэм я дуней

# Къэбыстэ

Къэбыстэр япэ дыдэу къежьа хадэхэкIхэм ящыщ зыщ. ЦIыхум ар ерыскъыпхъэу къагъэсэбэпу щытащ ди эрэм ипэкIэ илъэс минитху-миниплIкIэ узэIэбэкIыжмэ. Къэбыстэм и хэкур ЩIыкурытых тенджызым и Iуфэм Iус къэралхэрщ.

Ди къэралым ар къыщысар зыкъомкIэ нэхъ иужьыжщ, епщыкIузанэ, епщыкIутIанэ лIэщIыгъуэхэрщ. ЯпэщIыкIэ ар Киевскэ Русым щащIэу щIадзащ, нэхъри гувауэщ Москва и Iэгъуэблагъэхэм къащылъэIэсар. Илъэс щиплIкIэ узэIэбэкIыжмэ, къэбыстэр дэнэкIи щызэлъащIысащ. Иджы ар щамыщIэ, зыубгъуауэ ерыскъыпхъэу къыщамыгъэсэбэп зы къэрали щыIэу къыщIэкIынкъым.

А хадэхэкI телъыджэр лIэужьыгъуэ куэд дыдэ мэхъу. Европэм и закъуэ щащIэр лIэужьыгъуищэм нос. Ахэр я IэфIагъкIи зэхуэдэкъым, витамину хэлъри зэхуэдизкъым.

ИкъукIэ гъэщIэгъуэнщ брюссельскэ лIэужьыгъуэр. Ар сантиметр пщIейм нэсу докIей икIи мыIэрысэм хуэдиз хъууэ тIощIым щIигъу къыпокIэ. А псоми зэхэту я хьэлъагъыр грамм щитIым къыщыщIэдзауэ грамм щиблым нос. А лIэужьыгъуэр КъухьэпIэ Европэм, псом хуэмыдэу, Инджылызым куэду щащIэ. Ар япэ дыдэу къыщагъэкIар Бельгиерщ, аращ «брюссельскэ» жиIэу щыфIащари. ЗэрыIэфIым, витамин зэмылIэужьыгъуэ куэдкIэ зэрыкъулейм и мызакъуэу, ар икIи зэгъщ.

Ижь-ижьыж лъандэрэ къэбыстэр хущхъуэ папщIэуи къагъэсэбэп. Абы ирагъэхъуж жьэжьейр, чэр, дзэмыхэм, мафIэм исам, уIэгъэм тралъхьэ.

**БОРЕЙ Рауф.**



# ЛыцIыкIулыбжьэ, шатэпскIэ щIауэ

● Шхыныгъуэ



ЛыпцIэр г 15-20 хъу тыкъыр цIыкIуурэ яупщIатэ, псы щыIэкIэ ятхьэщI, шыуаным е тебэ куум иралъхьэ, псывэ щIакIэ, шыгъу тIэкIу халъхьэри, зэIащIэурэ зэ къытрагъэкъуалъэ, тхъурымбэр къытрахыурэ. МафIэр щабэ ящI, тебащхьэр трапIэжри, лыр щабэ хъухукIэ, псыри щIэвэщIэхукIэ ягъавэ.

ИтIанэ нартыху дагъэ щIакIэ, мафIэр нэхъ ин ящIри, зэIащIэурэ ягъажьэ тхъуэплъ хъуху, тыкъыр цIыкIуурэ упщIэтэ бжьын халъхьэри, зы дакъикъэкIэ ягъажьэ. КъыкIэлъыкIуэу шыбжий хаудэри, зэIащIэурэ ягъажьэ, псори тхъуэплъ дахэ хъуху. А псоми зэIащIэурэ шатэпс щIакIэ.

Тебащхьэр трапIэри, мафIэ щабэм тету хьэзыр хъуху ягъэбэкхъ. Хьэзыр хъуным дакъикъи 8-10 иIэжу халъхьэ щабэу уба бжьыныху. Хьэзыр хъуа лыцIыкIулыбжьэм и фэр гъуэжьыфэу, тхъу мащIэ и щхьэм тету, мэ гуакIуэ къыхихыу щытын хуейщ.

Пщтыру тепщэчхэм иралъхьэри яшх, пIастэ е мырамысэ хуабэ и гъусэу.

*Халъхьэхэр (цIыхуитI Iыхьэ):* танэлу - г 500, псывэу - г 100, нартыху дагъэу - г 80, бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 50, бжьыныху укъэбзауэ - г 15, шатэпсу - г 200, шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

● Гурылъ темыпыIэхэр

# ГъащIэ уэрэд

КъакIуэу хъуам уэ уэрэд яхубоусри, щебгъэжьэжкIэ, а уэрэдыр бэракъыу яIэщIыболъхьэж, «мыр лъагэу Iэтауэ фыздэкIуэм здэфхь», - жыпIэурэ. Сыт уэ ар апхуэдэу щIэпщIыр, Зыми Емыщхь? КъакIуэу хъуам щхьэ иребгъэхьэжьэрэ мылIэжьыныгъэм и бэракъ?.. Сэри сыкъэкIуащ уи деж сыпIащIэу, макъамэ щэхухэр зыгуэш Зыми Емыщхь! Къэзгъэщтэ уи гъащIэм и уэрэд кIэухыншэр, здэзгъэхь ар сыздэкIуэм! Сэ си гъуэгур апхуэдизкIэ цIыхубэщи, абыхэм яхэсхьэну сыхуейщ Зыми Емыщхьым къызита и гъащIэ уэрэдыр.

* * *

- Сыт фэ уэздыгъэ нэхум фыщIэлъатэр, хьэндырабгъуэ цIыкIухэ, а нурым фызэрисынур фщIэркъэ?!

- ДощIэ псори фIы дыдэу, ауэ кIыфIыгъэр апхуэдизу къыттехьэлъащи, нурым наIэдзыгъуэм ухисхьэми нэхъыфIщ, кIыфIыгъэм ухэту илъэсищэ къэбгъащIэ нэхърэ.

* * *

- Укъэсыжащ, сыту фIыт. Щхьэ укъаплъэу утет а бжэщхьэIум? КъытекI, къыщIыхьэж, ныжэбэрей жэщым сыножьэурэ сезэшащ. Щхьэ укъыщIэмыхьэжрэ? Куэд щIащ сэ узэрызмылъагъурэ. Сыпхуэзэшащ, си гур ныпхуэпабгъэу сыкъэнащ. КъакIуэ, къызбгъэдыхьэ, сигу зэщIэушам и Iущащэ макъым уезгъэдэIуэнщ гъащIэ уэрэду. КъакIуэ, къакIуэ, си псэ, къытекI а бжэщхьэIуми къыщIыхьэж, си гупсысэ хъыринэхэм уезгъэщIэнщ, мылIэжын макъамэу уи псэм сыхыхьэнщ.

- Сошынэ.

- Сэра узыщышынэр? Сыт щхьэкIэ?

- Гъуэгуншэу сыкъанэмэщэ, мылIэжын макъамэу си псэм укъыхыхьэрэ?

- АтIэ уэрэдыншэу дауэ утетыну мы ди гъащIэ гъуэгу гугъум?

**ТХЬЭЗЭПЛЪ Хьэсэн.**

● ЖыIэгъуэхэр

# Делэр ныбжькIэ зэхидзыркъым

**♦Уи щхьэм хуэбгъэфэщэжыр уи фащэщ.**

**♦Акъылым щхьэ куцIым фIырыфIкIэ тIысыпIэ къыщылъысыркъым – Iэпщэрыбанэкlэ къелэжь.**

**♦Делэр ныбжькIэ зэхидзыркъым.**

**♦Ахъшэм игъэделам къэгъазэ иIэкъым.**

**♦Мылъкур насып пщалъэу щытамэ, зы тхьэмыщкIэ и дыхьэшх макъ дунейм щыIунтэкъым.**

**♦Факъырэ къэзыкIухьым сыт хуэдиз хуашийми факъырэнущ, къилэжьыжIауэ есэху.**

**♦Къыпщытхъуу ирагъажьэри, къыпхуэпсалъэу доувэж: ягу къихьэм елъытащ.**

**♦Гъатхэм щыгугъым щIымахуэр зыхуегъэшэч.**

БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий.

● Да Винчи Леонардэ

# Бжьэмрэ бжьапцIэхэмрэ

- ФхуэфI хъун щыIэкъым фэ Iуэхуншэ гупым! – хуэмышэчыжу зэгуэр къитхъутхъукIащ бжьэ лэжьакIуэжьыр, бжьэ матэм деж Iуэхуншэу къыщызылъэтыхь бжьапцIэхэр игъэукIытэн и гугъэу. – Фымылажьэ закъуэмэ, аращ фи дунейр. Щхьэ тIэкIу фымыукIытэрэ! Дэнэ плъэи, псори мэлажьэ, къахуэщхьэпэжын гъэтIылъыгъэ ящI. Псалъэм щхьэкIэ, хьумпIэцIэдж цIыкIунивэр къафщтэ: гъэмахуэ псом махуэл дигъэкIыркъым, пщIэнтIэпсыр къыпыхуу мэлажьэ; щIымахуэр щIэх къызэрысынур ещIэжри.

– Къэбгъуэтаи щапхъэу къытхуэпхын! - бжьэм и ущиехэр зыужэгъуа бжьапцIэ гуэр Iуэхуншэ гупым къахэпсэлъыкIащ. - А уэ узыщытхъу хьумпIэцIэджым гъавэ къехьэлIэжыгъуэ къэс жылапхъэхэр Iисраф зэтрещIэ. А нэпсеижь цIыкIум, кумылэрэ куэнсапIэм зыщ къимыгъанэу, къыIэрыхьэр и къандзэгулъэм елъэф.

Iуэхуншэм умыгъашхэми едэ, гъэпсалъэ закъуэ; нэгъуэщIхэр гъэулъиинкIэ ар Iэзэ дыдэщ. Абы сытым дежи хьэмшому зэрыщытыр зэрыхигъэгъуэщэн, хей зэрызищIыжын щхьэусыгъуэхэр и бадзэщ.

*ЗэзыдзэкIар* **ХЬЭТУ Пётрщ.**

# Псалъэзэблэдз

*ЕкIуэкIыу:* **5**. ФIыр зымыщIэм ... зыуи къыщыхъуркъым. **6**. Шынэр и унэ .... **8**. ... сэгъейщ. **9**. ЖаIар ..., бзэгузехьэ уохъу. **12**. Щихури лъагэ дыдэу ..., ауэ къыпыкIэIакъым. **14**. Хьэр гугъу ехьынумэ, чэруаным .... **15**. Щым зы ..., щэ къыуетыж.

*Къехыу:* **1**. Хуейм ... игъуэтмэ, бажэ хуэдэ мэущ. **2**. ... здэщымыIэм дзыгъуэ щоятэ. **3**. Зы ... уигу сыкъэкIи, а зыри кунэфу къыщIыкI. **4**. ... нэмыс, нэхъыщIэ насып. **7**. Ираyд ... зигъэнщIыркъым. **10**. ... зимыIэ щыIэкъым. **11**. Нэмыс ..., уи щхьэщ зыхуэпщIыжыр. **12**. Зэманым ... лIыфIщ. **13**. ХьэщIэр шхэмэ, бжэм ...



***Бадзэуэгъуэм и 5-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

*ЕкIуэкIыу:* **1**. Ажэгъуэмэ. **4**. Къурш. **5**. Пхъужь. **6**. Уд. **9**. КIэ. **10**. Еру. **11**. Дэхьу. **12**. ЩIэр. **13**. Бакъ. **14**. Ер. **17**. Хъы. **18**. Пхъы. **19**. Бэдж. **20**. Яхэгуауэ.

*Къехыу:* **2**. Журт. **3**. Мыхъур. **7**. Дудар. **8**. Къургъакъ. **9**. КIэрэхъ. **15**. Пхъэх. **16**. Джэду.

# ЩIалэгъуалэм гушыIэкIэ ящIэ

**КIуэкIуэ Валерэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш университетым Iуэхущiапiэхэр механизацэ щIынымрэ энергокъарукIэ къызэгъэпэщынымкIэ и факультетым и студентхэр щытекIуащ Железноводск къалэм мэкъуауэгъуэм и 20-м щекIуэкIа КВН-м.**

«РОССЕТИ Северный Кавказ» ПАО-м и лэжьакIуэхэмрэ а IэщIагъэм хуеджэ студентхэмрэ щызэпеуащ Железноводск къалэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм. Ди щIыналъэм и цIэкIэ абы хэтащ «Къэббалъкъэнерго»-м и лэжьакIуэхэмрэ «Команда высокого напряжения» студент гупымрэ.



Энергетик IэщIагъэм хуеджэхэу, гушыIэ дахэ зыхэлъхэу Къылшыкъуэ Ясминэ, Шэрджэс Денизэ, Хитиев Алидар, ХьэIупщы Тимур, Агънокъуэ Къантемыр сымэ зэпеуэр ягу дыхьащ. КъэпщытакIуэхэм ди щIалэгъуалэ гупыр нэхъыфIу къызэралъытам щыгуфIыкIащ, къапэщIэтахэри зэрымытIасхъэм къыхэкIыу. Апхуэдэ зэхьэзэхуэм ущытекIуэныр, дауи, ехъулIэныгъэщ, щIалэгъуалэр абы Iуэхущiэхэм трегъэгушхуэ.

Къылшыкъуэ Ясминэ мыр и пэщэдзэ зэпеуэщ. Абы зэрыжиIамкIэ, япэ махуэхэм щыщIэдзауэ гупыр ныбжьэгъу зэрыгъэхъуащ. Зэпеуэм зэрызыхуагъэхьэзыра мазищымрэ зэхьэзэхуэр зэрекIуэкIа махуитIымрэ ахэр зы унагъуэшхуэм хуэдэу зэрыIыгъат.

Утыку щихьам, дауи, тIэкIу гузэващ, ауэ япэ дакъикъэм щыщIэдзауэ зыкъагъэлъэгъуэн яухыху цIыхухэм я дыхьэшх макъыр зэрызэхахам я фIэщ ищIащ текIуэныгъэр къызэрахьэхуфынур.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

# Телъыджэщ я зэхэтыкIэр



● Гъэщlэгъуэнщ

**Мы дунейр зыгуэрым къигъэщIар пэжмэ, куэд дыдэрэ егупсысауэ, зыр адрейм епхарэ елъытауэ, леи чэми хэмыту зэтриублауэ къыпщохъу, апхуэдизкIэ гъэщIэгъуэну гъащIэр зэхэлъщи. Къэтщтэнщ бжьэматэм къыщекIуэкI хабзэхэмрэ бжьэхэм я зэхэтыкIэмрэ. ЦIыхур псэущхьэу дунейм тетым я щхьэж кIуами, щапхъэ зытрихын хэтщ гъудэбадзэми...**

БЖЬЭПЩЫР мэкIуэд, псалъэм папщIэ. Бжьэматэр зэщIовэ, ар зэрызыхащIэу. Сыту жыпIэмэ, бжьэматэм къыщекIуэкI псоми и унафэщIри, гъащIэр зэлъытэжари, «лэжьакIуэхэр» щIэлэжьэжри - аращ. Иджы я унэгуащэр бзэхащи, джэдыкIэ зыгъэтIылъ закъуэр, къыкIэрих мэмкIэ псори зезыгъакIуэу щытар, мамырыгъэр зэтезыIыгъэр щыIэжкъыми, мыдрейхэри дэгунэф хъуам хуэдэщ. Зэрыхьзэрийщ, унафэ щымыIэху. Тхьэмахуэ зыбжанэкIэ бжьэматэм кIэ игъуэтынущ ауэрэ. Ар псоми ящIэри, хабзэ хьэзыр яIэу, абы тетым хуэдэу, арыххэу зызэщIапхъуэт бжьэхэм. «Дыкъевгъэл, зыгуэр къытхуэфщIэ, доунэхъу, докIуэд!», - жаIэу, цIыхум деж лъэIуакIуэ кIуэркъым ахэр. АтIэ, щIыуэпсым епха губзыгъагъэр къагъэсэбэп.

Псом япэрауэ, бжьэхэм хупс къызэрыгуэкI зыбжанэ къыхах. Ахэр еплъыркъым хупсым и инагъ-цIыкIуагъым, и плъыфэм, къахуэхутэркъым абы хэлъынкIэ хъуну къарур. Хьэуэ! Къыхахыр къызэрыгуэкI дыдэщ. Лэжьыгъэм къыхуигъэщIахэм ящыщ зыбжанэ. Абдеж щыщIэдзауи, лъхуэн-пIэныр зи пщIыхьэпIэ зэи къыхэмыхуа, гуащэ цIэ лъагэм щIэмыхъуэпса бжьэ къызэрыгуэкIым и гъащIэм зехъуэж - бжьэматэр а хупсхэм ятелэжьэн, ягъэшхэн, хуэсакъын щIадзэ. Ирагъэшхри дунейм нэхъ хущхъуэшхуэу тетырщ - тIэш (пчелиное маточное молочко жыхуэтIэр). ЦIыхухэр ижьижьыж лъандэрэ щыгъуазэт ар уз зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ зэрыхущхъуэшхуэм, ауэ иджырей щIэныгъэлIхэм къызэрахутамкIэ, тIэшым цIыхур зыхуэныкъуэ белок, витамин, гормон, антиоксидант куэд хэлъщ, нэпсым хуэдэу къабзэщ, зэрыпхуэхъуэжыни дунейм теткъым.

Ар зрагъэшх хупсым и Iэпкълъэпкъым зехъуэж... И лъхуадэхэм (бжьэ лэжьакIуэхэм къамыгъэсэбэпурэ гъужыр) заужьын щIадзэ, езы бжьэр ин, узыншэ мэхъу, мыдрейхэм къахуиуха тхьэмахуэ бжыгъэ гъащIэр илъэс бжыгъэ ирокъу, лэжьэным къыхуигъэщIами, бжьэпщ яхуохъу. Ар зэи фоупсым кIэлъыкIуэнукъым, гугъу ехьынукъым, хъумакIуэу е без иухуэу и фэр икIынукъым. Ар бэгъуэнущ мыувыIэу. Зы махуэм къриубыдэу джэдыкIэ мини 2 игъэтIылъу. Хьэуэ, джатэдэпщкъым зэрыхъунур, лейзехьэкъым, атIэ, бжьэматэм и нэ, и псэ хъунущ.

ГъэщIэгъуэнракъэ, уэркъыгъэр, пщыгъуэр къыдалъхуакъым абы. Мыдрейхэм яхуэдэпсщ. ЛъыкIи къащхьэщыкIыркъым. Гуащэ хьэзыру зыщIыпIэ къуэсу къыкъуахыжкъым. КъагъэщI! ЗэрыжаIэу, гущэм илъу япIын, ягъэсэн, елIэлIэн щIадзэри, IэрыщIу я Гуащэр къагъэщI. Псори зэлъытыжар ишхымрэ бжьэматэм къызэдащта зэгурыIуэныгъэмрэщ.

Ар ещхьщ Iэпэр зыхуэпший, япэу къыпIэрыхьэ сабийм уелIалIэурэ дуней псом гъуазэ хуэхъуну пэрыт зэрагъасэм. Пэж дыдэу, дэтхэнэ сабийми къыхэкIыфынущ гъуазэ лъэрызехьэ, псори зэлъытыжар абы узэрыхущытырщ, ебгъэшхырщ, зэрыбгъасэрщ, зэрызыщIэбгъакъуэрщ, зэхебгъэх псалъэмрэ ебгъэлъагъу IэфIымрэщ. Абы щхьэкIэ ухуейкъым ген инженерие, операци ухуэныкъуэкъым.

Къохъу бжьэпщыр псэууэ къыщIэкIыу къыщыкъуэкIыж. Апхуэдэхэм деж ар хэтынущ и пIэ ирагъэувэну ягъэхьэзыр хупсыр иукIыну. Абы щыгъуэ хупс ягъэхьэзырам языхэзыр бжьэ лэжьакIуэхэм ягъэпщкIу, бжьэпщым Iэрымыхьэн хуэдэу. МыдрейхэрIэщIэкIуадэми, зы псэууэ къагъанэ. Зыми ищIэркъым къэхъунур, ауэ гъуазэншэу аргуэру къызэхэнэмэ, бжьэпщ хьэзыр къызэкъуахыжын хуэдэу яхъумэнущ ар псоми.

Плъагъурэ, гъудэбадзэми ящIэ гъащIэмрэ ажалымрэ зыхуэдэр. ИкIи хуэхьэзырщ нэхъ Iей дыдэм.

ЦIыхухэр апхуэдэу щхьэ дыщымытыфрэ, псэущхьэу щыIэм дефIэкIыр пэжмэ?!

**ФЫРЭ Анфисэ.**

# ДяпэкIэ тIэу лъэтэнущ

**2025 гъэм шыщхьэуIум и 1-м щегъэжьауэ «Азимут» авиакомпанием и кхъухьлъатэр тхьэмахуэм тIэу Налшык икIыу Сочэ игъэкIуэнущ.**

ТIысыпIи 100 зиIэ, сыт и лъэныкъуэкIи тыншыпIэм хуэщIа «Сухой Суперджет 100» кхъухьлъатэхэр Налшык и аэропортым телъэтыкIынущ гъубжымрэ щэбэтымрэ. КъалитIыр зэпызыщIэ уэгу гъуэгуанэм къызэрыхагъэхъуар Iэмал хъарзынэщ хы ФIыцIэ Iуфэм и курортхэм цIыхухэр гугъуехьыншэу нэсынымкIэ.

Гъубж махуэм кхъухьлъатэр Налшык аэропортым телъэтыкIынущ сыхьэт 23-рэ дакъикъэ 35-м, щэбэтым сыхьэти 9-рэ дакъикъэ 50-м. Гъубж махуэм Сочэ къикI кхъухьлъатэр къежьэнущ сыхьэт 21-рэ дакъикъэ 25-м, щэбэтым сыхьэти 7-рэ дакъикъэ 35-м. Гъуэгуанэм зы сыхьэт ихьынущ.

Хъыбар нэхъыбэ къыщцыфщIэфынущ «Азимут» авиакомпаниемрэ (www.azimuth.ru), Налшык аэропортымрэ (http://nalchik-airport.ru/) я сайтхэм.

# Сербием макIуэ

● Грепплинг



**Урысей Федерацэм грепплингымкIэ и чемпионат Ивановэ областым щекIуэкIащ. ТекIуэныгъэхэр яIэу абы къикIыжащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ щIалэхэр.**

КЪЭРАЛЫМ и щIыпIэ 50-м икIа спортсмен 400-м щIигъу зыхэта Урысей Федерацэм и чемпионатыр удэзыхьэх икIи гуащIэ хъуат. МахуитIым къриубыдэу цIыхухъухэмрэ цIыхубзхэмрэ щызэпеуащ грепплинг, грепплинг-ги лIэужьыгъуэхэмкIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым икIахэм дыщэ медалу тIу зыIэрагъэхьащ. Килограмми 100-м нэблагъэхэм я зэпеуэм къыщыпэлъэщын къахэкIакъым Урыс Мухьэмэд. ФIы дыдэу зыкъигъэлъэгъуащ Таппасханов Ислъами. Ар ефIэкIащ килограмм 92-м нэс зи хьэлъагъхэм я зэхьэзэхуэм къыщыпэувахэм.

Урысей Федерацэм и чемпион зэрыхъуам къыдэкIуэу Урыс Мухьэмэдрэ Таппасханов Ислъамрэ иджы Iэмал ягъуэтащ мыгувэу Сербием щекIуэкIыну дунейпсо чемпионатым хэтыну. Ахэр ягъасэ Шыхъуэстэн Русланрэ Рустам Юнусрэ.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

● Дзюдо



# Урысей Федерацэм и чемпионатым хэтынущ

**Шэшэным и къалащхьэ Грознэ щекIуэкIащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым дзюдомкIэ и зэхьэзэхуэ. Абы хэтащ спортсмен 220-м щIигъу.**

ДИ республикэм и щIыхьыр зыхъумахэм къахэжаныкIащ дыжьын медалхэр абы къыщызыхьахэу килограмм 52-м нэс зи хьэлъагъ цIыхубзхэм я зэпеуэм хэта Мысыр Каринэрэ килограмми 100-м нэблагъэ зи хьэлъагъ цIыхухъухэм я деж щыбэна Уянаев Ислъамрэ. Ахэр я гъасэнщ Емкъужхэ Нурмухьэмэдрэ Рустамрэ, Апхуд Анзор, Иванов Дмитрий сымэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым икIауэ иджыри дзюдоистиплIым зэхьэзэхуэм етхуанэ увыпIэр яубыдащ. Мысыр Каринэрэ Уянаев Ислъамрэ я гъусэу ахэр хэтынущ жэпуэгъуэ (октябрь) мазэм Екатеринбург щекIуэкIыну Урысей Федерацэм и чемпионатым.

**КЪЭХЪУН Бэч.**

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.219 • Заказыр №1497

ДИ ХЭЩIАПIЭР 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А